B 484
No: 126.

Prijs franco per post f.....
bij het Dépôt van Leermiddelen te Weltevreden
ding van een postwissel tot genoemd bedrag.

...sche uitgaven door bemiddeling der Commissie voor de Volkslectuur, No. 126.

SERAT OEPA DARJA.

KARANGANIPOEN

M. SOEKARMAN

ALIAS

MANGOENPOESTAKA.

ING

...ELTEVREDEN.

...WONTEN ING PANGETJAPAN
...YGROK & Co. — BETAWI
1913 :-:

...rpustakaan Nasional RI
B: - 484
No.126
1913

484
no.126
1913

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

B:-
4584
no.126
-
1913
pp 85-980

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

e uitgaven de
sie voor de Ve

SERAT C

KA

M. S

MANGG

WE

KA-ETJAP V
RUYG

Serat Oepa Darja.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

No. 126
1913.

e Uitgaven door bemiddeling der Com=
sie voor de Volkslectuur No. 126.

SERAT OEPA DARJA.

KARANGANIPOEN

M. SOEKARMAN

ALIAS

MANGOENPOESTAKA.

ING

WELTEVREDEN.

KA-ETJAP WONTEN ING PANGETJAPAN
RUYGROK & Co. — BETAWI
:-: 1913 :-:

PERPUSTAKAAN NASIONAL

Serat pamboeka
pahan saha rem
toewin Saḍoeg,
birat ḍateng wata
prajogi.

Ing sadèrèng s
ningani ing bab
panoewoen koela
dra pangaksama,
taksih tjoṭo sanget
mekaten malih ḍat
sanget sagedipoe
serat karanganipo
kados ta: para p
sanèsipoen.

Wondéné wonte
rang waoe, boten
ged, saking pandja
sageda amewahi
loewoeng kanggé

Saking kaderen
baḍé pisan-pisan
amargi saking a
etrap-etrapanipoe

Ing woesana p
mengkoe.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

BEBOEKA.

Serat pamboekaning nalar poenika anjariosaken lelampahan saha rembagipoen Djeḍoel, Poendjoel, Kamprèt toewin Saḍoeg, tetoeladan tjarios soepados sageda ambirat ḍateng watak ingkang djirihan toewin ingkang kirang prajogi.

Ing sadèrèng saha sasampoenipoen para maos angoeningani ing bab gantjaripoen tjarios poenika, saking atoer panoewoen koela: moegi para maos karsaha aparing samodra pangaksama, awit ing saloegoenipoen koela poenika taksih tjoṭo sanget ingatasipoen ḍateng temboeng-temboeng, mekaten malih ḍateng pangiketing oekara; njamoet-njamoet sanget sagedipoen mèmper bilih katimbang kalian serat-serat karanganipoen para saged ingkang sampoen kaloka, kados ta: para poedjangga toewin para sardjana sanès-sanèsipoen.

Wondéné wontenipoen koela atjoemanṭaka réka-réka angarang waoe, boten pisan-pisan amélik dipoen-wastanana saged, saking pandjangkahing manah koela, namoeng soepados sageda amewahi bab kawontenanipoen serat-serat Djawi, loewoeng kanggé waosanipoen para laré ḍoesoen.

Saking kaderenging manah koela, koela sampoen boten baḍé pisan-pisan mèngèng, jèn ta kagoedjenga ingakaṭah, amargi saking awoning oekara sarta galap-gangsoeling etrap-etrapanipoen temboeng toewin sapanoeggilanipoen.

Ing woesana para maos moegi sampoen kirang ing pamengkoe.

Weltevreden, Augustus 1912
katanḍan
poen S. MANGOENPOESTAKA.

PERPUSTAKAAN NASIONAL

SERAT OEPA DARJA.

Karanganipoen

M. SOEKARMAN (MANGOENPOESTAKA).

Ing désa Kẹdoeng-kawoek ana sawidjining djoeroe-martani kang andoewèni anak lanang loro, pembarepé aran si Djẹdoel (D), penggoeloené aran si Poendjoel (P). Si Djẹdoel maoe kangèngèraké marang sawidjining priaji kang amengkoni ing désa kono, moelané moenggoeh ing pinter lan djadjahé kawroehé angoengkoeli aḍiné; déné si Poendjoel amarga selawasé moeng manggon ing désa baé, sarta kekoempoelané moeng bangsaning wong tani, moela loewih boḍo ora lanḍep panggraitané kaja déné kakangané, kepinterané kedjaba matjoel, anggaroe, maloekoe ora ana manèh; mengkono oega banget enggoné goegontoehon, ia ikoe wedi (angandel) marang gendroewo, sétan, ṭèṭèkan, weḍon lan sapanoenggalané.

Oepama ana sawidjining oewong toea ing désa kono kang anjaritakaké, jèn kali kaé ana sétané goenḍoel, oetawa kajoe geḍé ikoe ana gendroewoné, gawéné anggoḍa ing wong kang paḍa loemakoe ing sangisoré, lan sapanoenggalané, ikoe banget ing pangandelé, nganti andadèkaké mengkoroging giṭoké, sarta rina wengi tansah di-éling-éling baé, marga samar bok menawa kagoḍa oetawa kagawa (digonḍol) ing gendroewo lan sétan kang woes ditjaritakaké maoe. Mengkono manèh menawa ana salah sawidjining tangga teparoné kang mentas kesripahan, jèn ing wajah bengi si Poendjoel maoe dipoerih metoe saka lawanging omah baé ora wani, senadyan didjorog-djorogna sarta di-opahana saréal, ora pisan-pisan gelem, amarga andoewèni pikiran koeatir bok menawa digoḍa (diwedèni) ing wong kang mati maoe.

Anoedjoe sawidjining dina si Djẹdoel tilik moelih, bandjoer dikanḍani ing aḍiné, temboengé:

P. „Kang, kang
D. „Memedi ap
P. „Emboeh ta
pakan baé, ki."
D. „Èh, goroh,
molah; memedi i
P. „Koḍok kep
ora ana barang-b
D. „Kanḍamoe
marang kowé, m
P. „Biah, kow
ngroengokaké sab
D. „Dipaido m
nalaré, moeng an
P. „É, la, kowé
bengi paḍa diseti
D. „Ajo, totoh
tempiling enḍasm
P. „la."
D. „la, jèn me
K. „la, dakseks
jèn wis, mèloe n
D. „la, mengk
Poendjoel ban
moer, temboengé
P. „Ajo, sa-iki
ana koḍoké."
D + K. „Ajo."
Botjah teteloe
moer anjatakaké
tjelaṭoe :
P. „Hara, rak
D. „Akoe ma
koḍok lan iwak
amarga wedi ma
kopilara, amarga

---

[1]) Prèt = Kampr

PERPUSTAKAAN NASIONAL

P. „Kang, kang, soemoer koewi rak ana memediné."

D. „Memedi apa, apa kowé woes weroeh?"

P. „Emboeh ta, dadi saben bengi tansah njoeara katjopakan baé, ki."

D. „Èh, goroh, ikoe rak koḍok oetawa iwak kang lagi molah; memedi ikoe loegoené rak ora ana."

P. „Koḍok keprijé ta, kang, dadi jèn awan daksetitèkaké ora ana barang-barangé, ki."

D. „Kanḍamoe kok anèh, loemrah baé koḍoké mesṭi wedi marang kowé, moelané bandjoer anḍelik (ora katon)."

P. „Biah, kowé ki kok angrèngkèl, wong kéné sing ngroengokaké saben dina, kok dipaido."

D. „Dipaido manèh, wong kanḍamoe ora mèmper karo nalaré, moeng angger moeni baé."

P. „É, la, kowé meksa maido temenan, kang, ajo, mengko bengi paḍa disetitèkaké, jèn kowé maido."

D. „Ajo, totohané apa; jèn doedoe gendroewo daktempiling enḍasmoe, ja."

P. „la."

D. „la, jèn mengkono, seksènana, ja, Prèt [1])."

K. „la, dakseksèni, adja koeatir, anggeré akoe mengko jèn wis, mèloe nempil."

D. „la, mengko mèloea andjotos."

Poendjoel bandjoer angadjak njatakaké menjang soemoer, temboengé:

P. „Ajo, sa-iki paḍa dinjatakaké ḍisik, mengko arak ora ana koḍoké."

D + K. „Ajo."

Botjah teteloe bandjoer paḍa loemakoe menjang soemoer anjatakaké; satekané ing soemoer, si Poendjoel tjelaṭoe:

P. „Hara, rak ora ana barang-barang, ta."

D. „Akoe maoe rak oewis kanḍa menjang kowé, ta, koḍok lan iwak ikoe jèn awan mesṭi ora wani ngaton, amarga wedi marang kowé (manoesa), nalaré koeatir jèn kopilara, amarga kang akèh-akèh botjah ikoe ḍemen banget

---

[1]) Prèt = Kamprèt (K) namanipoen laré.

ambalang sarta amantjingi koḍok kang tanpa perloe. Senjatané moela kang kaja mengkono maoe, saka panimbangkoe ora prajoga banget, awit amesakaké, mesṭiné koḍok kang dipantjing sarta dibalang ikoe, pangrasané ora béda kaja jèn kowé kena poetjoeking keris oetawa ketiban krambil saka ing oewit. Apa ia ora mengkono?"

Mara titènana, mengko bengi paḍa dinjatakaké, koḍoké arak pating krampoel angambang, ana kang taroeng (gegoejon) ana kang loemban, paḍa amboeroe senenging atiné ḍéwé-ḍéwé, djalaran ing wajah ikoe woes ora njangga soemelang, jèn bakal katiban pitenahing manoesa kang senjata andadèkaké laraning awaké; pratingkahé kang kaja mengkono ikoe, bandjoer anganakaké soeara pating tjarebloeng kang ko-arani memedi maoe."

P. „Èh, goroh, ora ngandel akoe, dadi embah kaé wis ngendika menjang akoe, jèn soemoer kéné iki ana sing toenggoe kadji, ki."

D. „O, o, o, koewi rak saka geblegmoe baé, anggoegoe marang oedjar djelomprongan."

P. „Digoegoe manèh, wong kanḍané wong toea, jèn ora digoegoe, mengko nemoe salah."

D. „O, seléntja banget panemoe ikoe; apa jèn wis kanḍané wong toea ikoe mesṭi kena di-oegemi lan mesṭi beneré? Jèn moenggoeh ing akoe ora, amarga senadyan wong toeaha pisan wis mesṭi andoewèni sisip."

P. „Ah, jèn ora pantjèn bener, wong toea mangsa gelema nganḍani; karo déné manèh enggoné wong toea wani anganḍakaké marang botjah maoe, arak wis pinikir bener lan prajogané."

D. „É, mengko, ta, mengko, dakkanḍani, adja bandjoer kliroe panampamoe mengkono; anané simbah anganḍani marang kowé mengkono maoe, arak amoeng di-enggo medèn-medèni marang kowé baé, soepaja panggarapmoe marang soemoer ikoe adja kongsi sagelem-gelemmoe, kaja ta: boktjemploengi watoe, bata, bokpantjingi nganggo tjatjing lan sapepaḍané; amarga lekas kang mengkono maoe, bandjoer andadèkaké regeding banjoe soemoer, wekasan koerang prajoga jèn ka-ombéa ing wong-wong sarta

kowé sekabèhé; a
maoe, bisa oega
ḍig lan sapanoeng
P. „Ah, kok isi
D. „Ja wis, ta
paḍa dinjatakaké
paḍa moelih baé."
P. „Ajo."
Ing wajah beng
isih paḍa melèk,
tjarebloeng ana
ana soeara karoeng
P. „Kaé, lo, ro
ati-ati, sida digonḍ
D. „Èh, dadi a
koewi mèmper and
P. „Ajo, angger
ana boerikoe, ako
K. + D. „Ia, a
Botjah teteloen
satekaning soemo
kang paḍa leloe
sakantjané, pating
D. „Koewi, lo,
P. „O, o, ia, kan
D. „La, sa-iki
Kamprèt, wis me
djimoe."
P. „Ah, emoh,
djaloek kanjatan
D. „Kanjatan
tetéla terang, ta?"
P. „Tetélaha ka
pati ngandel, jèn
amarga toemrap
di-anggep ing ḍe
saṭiṭik-ṭiṭiké teloe
pak loerah menja

PERPUSTAKAAN NASIONAL

kowé sekabèhé; amarga saka regeding banjoené soemoer maoe, bisa oega bandjoer andadèkaké lelara weteng, goedig lan sapanoenggalané."

P. „Ah, kok isih maido, akoe, kandamoe maoe."

D. „Ja wis, ta, tjekaking remboeg mengko bengi baé pada dinjatakaké manèh, sa-iki adja kakèhan remboeg, ajo, pada moelih baé."

P. „Ajo."

Ing wajah benginé tengah wengi, botjah teteloe maoe isih pada melèk, perloe angroengokaké soeara kang pating tjarebloeng ana ing soemoer kaja adat sabené; bareng ana soeara karoengoe, Poendjoel bandjoer ènggal tjeloeloek:

P. „Kaé, lo, roengokna, ta, kang, jèn kowé ora ngandel, ati-ati, sida digondal poekangmoe temenan, kowé mengko!"

D. „Èh, dadi akoe iki kopadakaké kowé baé, jèn kowé koewi mèmper andoewènana wedi, ajo, ta, pada dinjatakaké."

P. „Ajo, anggeré kowé sing ana ngarep, Kamprèt sing ana boerikoe, akoe sing ana tengah."

K. + D. „Ia, ajo; ia ajo."

Botjah teteloené bandjoer pada mangkat; ketrangané satekaning soemoer, kang anjoeara maoe njata jèn kodok kang pada leloemban lan iwak kang pada ngambang sakantjané, pating pantjoelat; si Djedoel tjelatoe:

D. „Koewi, lo, waspadakna, apa kang katon ing kowé?"

P. „O, o, ia, kang, bener kandamoe, akoe wis trima kalah."

D. „La, sa-iki wis tetéla ing kalahmoe, akoe lan si-Kamprèt, wis mesti bakal anagih apa kang dadi djangdjimoe."

P. „Ah, emoh, wong lagi sepisan, kok, sa-iki akoe andjaloek kanjatan manèh, sepisan engkas."

D. „Kanjatan apa, sing wis kelakon maoe, arak wis tetéla terang, ta?"

P. „Tetélaha kaé, wong lagi sepisan, akoe amesti doeroeng pati ngandel, jèn njatané memedi ikoe ora ana temenan, amarga toemrap oewong pada prekaran baé, doeroeng di-anggep ing dedoewoeran, jèn doeroeng ana seksiné satitik-titiké teloe; (semono maoe, akoe kroengoe kandané pak loerah menjang pak tjarik dèk bijèn kaé, ora kok akoe

wis weroeh ḍéwé). Mara, tjoba, ajo paḍa menjang kramatan kéné, ing kono ḍèk maoe bengi ana swara karoengoe agaloer-galoer sa-èmper swaraning asoe, ajo, ikoe paḍa dinjatakaké, mengko jèn pantjèn ana kanjatahané kaja kang oewis kelakon maoe, akoe bakal anoeroet apa kang dadi karepmoe."

D. „Ia, ajo, ananging jèn mengko kowé lidok (goroh) manèh, ati-atia, adja takon dosamoe; ajo, Prèt mèloea."

K. „Ajo, si Poendjoel koewi kon ana ngarep baé, karebèné noedoehaké dalané."

P. „Ah, emoh, akoe anèng tengah baé, kowé baé ḍisika, mengko daktoedoehaké dalané."

K. „Apa kowé ikoe wedi, teka dikon ḍisik baé ora gelem?"

P. „Ngisin-isini, dadi botjah lanang ikoe wedi, kaja kowé, doewèni watak wedèn."

K. „Ajah, tanḍané dikon loemakoe ḍisik baé ora gelem."

P. „La wong sikilkoe lagi lara boeboelen, kok, mengko jèn ketjotjog eri, arak béka."

D. „Wis ta, wis, adja kakèhan remboeg, mengko akoe tak-ana ngarep, teloengané akoe kang toea, mati-matia ora dadi apa sing wis wareg peḍes asin."

Woesana botjah teteloe maoe bandjoer paḍa loemakoe sinambi abebanjolan, satekané ing enggon kang sinedya, soeara kang mèmper soearaning asoe maoe isih keroengoe gereng-gereng baé; Poendjoel bandjoer tjelaṭoe:

P. „Kang, akoe wedi, djaloek ganḍèng baé."

D. „Biah, botjah semono geḍéné, ana swaraning asoe baé wedi, ora iḍep temen isin, jèn mangan baé saboḍag entèk toer ora tawa-tawa."

P. „Ah kowé ikoe, teka kang ora-ora kokanḍakaké."

D. „O, Allah, njatané ia baé, teka moekir barang."

P. „Ia jèn asoe, nèk doedoe swaraning asoe, pijé?"

D. „La apa, apa akoe pangling ngono, karo swaraning asoe baé."

P. „La jèn swaraning memedi ka-èmper-èmperaké asoe, keprijé?"

Ketrangané swara kang dikira swaraning memedi déning Poendjoel maoe swaraning asoe temenan, ia ikoe

swaraning asoe k
gereng maoe bok
moerih tinoeloenga
D. „Ta, koewi, l
ta, dikanḍani oewo
P. „Endi, endi,
D. „Jèn ora teme
baé, gawéné sok a
P. „O, o, ia nj
D. „Lah, ia, sa
manoet marang ako
K. „Ah, gelem
manoet, wong djar
P. „Ora, ta, ko
akoe arep kanḍa s
K. „Apa kang
P. „Roengokna
isih loewih betjik
mangloeng menjang
gendroewo, saben
wangoené gendroew
dinjatakaké ḍisik."
K. „Ah, kowé
ko-oetjapaké, djarér
bab memedi ing k
Djeḍoel karo akoe
anggorohi manèh,
di-oegemi mengkon
P. „Ora, ta, wis
akoe bakal manoet
mengko menèk ako
king daridjikoe."
K. „Ah, emoh,
maoe, jèn ora gel
amarga akoe oewis
D. „Lo, lo, meng
adja bandjoer kesoe
paḍa padoe, sa-iki s

PERPUSTAKAAN NASIONAL

swaraning asoe kang lagi lara banget; enggoné gerang-gereng maoe bok menawa karepé andjaloek toeloeng, moerih tinoeloengana ing lian. Djeḍoel bandjoer tjelaṭoe:

D. „Ta, koewi, lo, elèkna mripatmoe, arak asoe temenan, ta, dikanḍani oewong begedoet baé."

P. „Endi, endi, apa temenan, ta?"

D. „Jèn ora temenan apa goroh, dipaḍakaké awaké ḍéwé baé, gawéné sok anggorohi, gilo, wis terang, kowé, sa-iki."

P. „O, o, ia njata bener kowé temenan, kang."

D. „Lah, ia, sa-iki keprijé karepmoe, apa kowé sida manoet marang akoe apa ora?"

K. „Ah, gelem ora gelem amesṭi dakpeksa soepaja manoet, wong djangdjiné maoe arep manoet, kok."

P. „Ora, ta, kowé adja kadereng nepsoe marang akoe, akoe arep kanḍa sepisan engkas."

K. „Apa kang arep kokanḍakaké manèh?"

P. „Roengokna: seksi ikoe sabetjik-betjikané saṭiṭik, isih loewih betjik akèh; kéné iki ana kajoené growong mangloeng menjang ing kali, ikoe djaré-djaréné di-enggoni gendroewo, saben bengi tansah agereng-gereng baé, wangoené gendroewoné lagi lara, ikoe akoe andjaloek paḍa dinjatakaké ḍisik."

K. „Ah, kowé ikoe, lo, teka néka-néka baé kang ko-oetjapaké, djaréné maoe jèn wis ana kenjatahané terang bab memedi ing koeboeran bandjoer arep manoet ing Djeḍoel karo akoe (golong pikir), wekasan bandjoer anggorohi manèh, oewong doewé oedjar teka ora kena di-oegemi mengkono, méntjla-méntjlé ora ana njatané."

P. „Ora, ta, wis sepisan engkas iki, jèn wis kelakon akoe bakal manoet agolong pikir temenan; adja koeatir, mengko menèk akoe anggorohi manèh, keṭokken poetjoe-king daridjikoe."

K. „Ah, emoh, sa-iki kowé koedoe anetepi kanḍamoe maoe, jèn ora gelem, kowé mesṭi dakdjotosi temenan, amarga akoe oewis angrasa djèngkèl pikirkoe."

D. „Lo, lo, mengko, ta, mengko, sarèhna pikirmoe ḍisik, adja bandjoer kesoesoe nepsoe baé. Ja wis, ta, tinimbang paḍa padoe, sa-iki sekarepé Poendjoel, ajo, paḍa ditoeroeti,

PERPUSTAKAAN NASIONAL

tjikbèné lega pikiré. Apa, Djoel, kang kotakokaké maoe ?"

P. „Kono koewi, lo, ana kajoené kang growong, djaréné di-enggoni gendroewo, saben bengi tansah agereng-gereng baé, saka wedikoe, ia ikoe amarga saka oedjaring akèh, akoe nganti ora wani liwat ing satjęḍaking kekajon growong maoe."

D. „O, o, apa temenan kanḍamoe ikoe ?"

P. „Temenan, dadi sing kanḍa menjang akoe pak gęḍé, ki, kang."

D. „O, Allah, kowé koewi, lo, wong dikanḍani bola-bali mengkono, teka boḍomoe ora bisa ilang-ilang, bok sebarang koewi nganggo dipikir sing dawa, jèn doeroeng tetéla terang beneré, adja goeroe-goeroe digoegoe."

P. „La, prijé, apa akoe ora ngandel kanḍané pak gęḍé, mengko di-arani ora amaèloe."

D. „Ah, apa jèn kanḍané pak gęḍé ikoe wis mesṭi kena di-endelaké."

P. „Nèk ora, la, sapa kang dak-endel lan daktoeroet."

D. „É, la, ngrèngkèlmoe koewi kok ora mari-mari, ing maoe akoe rak woes kanḍa ing kowé, kanḍané wong toea ikoe ana kang wadjib ka-endel sarta ora, awit terkaḍang ana oega kang moeng djelomprongan baé, kaja ta: wong toea sok asring tjelaṭoe :

1 Adja sok wani-wani ganḍoelan lawang, moenḍak ditjaplok Beṭara-Kala.

2 Adja sok wani-wani angidoni soemoer, moenḍak goewing lambéné.

3 Adja sok wani-wani linggih ing tampah, moenḍak andoewèni lara ajan.

4 Adja sok wani-wani linggih ing bantal, moenḍak lara oedoenen.

5 Adja sok wani-wani koeḍoeng koekoesan, moenḍak ditjaplok ing baja.

6. Prawan ikoe adja sok wani-wani linggih ing loempang, moenḍak kedjeroem [1]).

[1]) Kedjeroem = pangala-alaning tangga teparo ing nalika ana wong kang arep anakokaké prawan kang bakal kanggo bodjo oetawa mantoené.

7. Adja sok
akir moenḍak ta
8. Djaka lan
jèn dadi pengan
9. Adja sok
soeroep, moenḍa
10. Jèn njapoe
moenḍak éntoek
11. Adja sok
kaké ridjeki; me
Wroehanamoe
loegoené moen
wong toea paḍa
ikoe, amoerih
anglakoni tingk
patrap kang ora
ka-oetamaning
1. Adja sok
tjaplok ing Beṭ
moerih botjah-b
awit sepisan la
ḍoné moenḍak
2. Adja sok
goewing lambé
rih botjah-botj
soemoer maoe,
ḍaḍèkaké koera
paḍa di-ombé
3. Adja sok
andoewèni lara
moerih para bo
linggih ing tam
ḍak djebol, k
kanggo waḍah
waḍah pangan
jèn ta kalinggil
4. Adja sok
wèni lara woe

7. Adja sok wani-wani mangan karo kasangga, jèn wis akir moendak tansah andadèkaké sesanggané wong toeané.

8. Djaka lan prawan ikoe adjo sok nganggo kembang, jèn dadi pengantèn moendak noedjoe larang kembang.

9. Adja sok wani-wani anjamboet gawé ing wajah soeroep, moendak dadi randa tanggoeng.

10. Jèn njapoe adja wani-wani nganti pating djalèprèt, moendak éntoek bodjo godèkwok asimbar dada.

11. Adja sok angandegaké oewoeh, moendak angendakaké ridjeki; mengkono ing sapenoenggalané.

Wroehanamoe, oedjar kang kaja mengkono maoe, kabèh loegoené moeng oedjar djalomprongan baé, anané para wong toea pada anganggo oedjar djalomprongan mengkono ikoe, amoerih para botjah-botjah adja ana kang pada anglakoni tingkah kaja ikoe, awit ikoe kabèh pérangané patrap kang ora prajoga, pelajoené ora lia moeng agawé ka-oetamaning botjah, moenggoeh terangé mengkéné:

1. Adja sok wani-wani gandoelan lawang, moendak ditjaplok ing Betara-Kala; ikoe saloegoené moeng anglarangi moerih botjah-botjah adja pada gandoelan lawang maoe, awit sepisan lawangé moendak gelis roesak, kaping pindoné moendak agawé éwoehing wong kang liwat ing kono.

2. Adja sok wani-wani ngidoni soemoer, moendak goewing lambéné; ikoe saloegoené moeng anglarangi moerih botjah-botjah adja nganti ana kang pada angidoni soemoer maoe, awit menawa soemoer ikoe di-idonana andadèkaké koerang prajoga, amarga banjoené soemoer ikoe pada di-ombé ing wong akèh.

3. Adja sok wani-wani linggih ing tampah, moendak andoewèni lara ajan; ikoe saloegoené moeng anglarangi moerih para botjah-botjah tjilik adja nganti ana kang pada linggih ing tampah maoe, amarga sepisan tampahé moendak djebol, kapindoné sarèhning tampah ikoe piranti kanggo wadah panganan kang arep di-olah, sarta kanggo wadah panganan kang oewis mateng, dadi ora prajoga jèn ta kalinggihana.

4. Adja sok wani-wani linggih bantal, moendak andoewèni lara woedoen; ikoe saloegoené moeng anglarangi

PERPUSTAKAAN NASIONAL

moerih botjah-botjah tjilik adja nganti ana kang paḍa anglinggihi bantal maoe, amarga sepisan bantalé moenḍak reged lan gelis soewèk; kapinḍoné sarèhning bantal ikoe panggonan sirah, dadi koerang prajoga jèn ta kalinggihana.

5. Adja sok wani-wani koeḍoeng koekoesan, moenḍak ditjaplok ing baja; ikoe saloegoené moeng anglarangi moerih para botjah-botjah tjilik adja nganti ana kang paḍa wani-wani koeḍoeng koekoesan maoe, amarga koekoesan ikoe piranti kanggo pangedanging sega (waḍahé) dadi koerang prajoga jèn kanggo koeḍoeng; kaping pinḍoné koekoesané mesṭi bandjoer reged kena reregeding sirah, kosok baliné sirah bandjoer reged kena reregeding koekoesan, bisa oega andadèkaké roesaking koekoesan.

6. Prawan ikoe adja sok wani-wani anglinggihi loempang, bésoek jèn ana salah sawidjining wong kang anakokaké, moenḍak kedjeroem (olèh pamboedjoek ala saka tangga teparo); ikoe saloegoené moeng anglarangi moerih para botjah-botjah wadon adja nganti ana kang paḍa wani-wani anglinggihi loempang, amarga loempang ikoe piranti kanggo panḍeploké sekabèhing pepanganan kang koedoe nganggo diḍeplok, sarta kanggo pambebaking beras kang bakal di-edang, dadi ora prajoga jèn kalinggihana (dibokongi).

7. Adja sok wani-wani mangan karo kasangga, jèn wis akir moenḍak tansah dadi sesangganing wong toea baé; ikoe saloegoené moeng anglarangi moerih para botjah-botjah adja nganti ana kang paḍa wani-wani mangan karo kasangga, amarga kedjaba mangan kasangga ikoe dideleng ing akèh ora prajoga (saroe), oega andoewèni koeatir bok menawa panganan kang dipangan maoe bandjoer woetah ora kalap (roegi).

8. Djaka lan prawan ikoe adja sok wani-wani nganggo kembang sadoeroengé dadi pengantèn, jèn dadi pengantèn moenḍak noedjoe larang kembang; ikoe saloegoené moeng anglarangi moerih para djaka lan prawan maoe adja ana kang paḍa wani-wani anganggo kembang, amarga patrap kang mengkono ikoe, toemraping djaka lan prawan koerang pantes dinoeloe ing akèh (saroe).

9. Adja sok
soeroep, ing bé
ikoe saloegoené
prawan adja nga
gawé ing wajah
wis peteng, tem
kang sinamboet

10. Jèn njap
djalèprèt (isih re
kang agoḍèkwol
anglarangi moeri
paḍa wani-wani
prajoga, isih kat

11. Adja sok
moenḍak angen
anglarangi moer
adja nganti ana k
awit kang men
oewoeh maoe jè
rata manèh, dad

Déné moelan
seranani wewed
andoewènana w
awit ora koeran
marang pitoetoe
moelané senadja
prajoga jèn ka-
marang kabetjik
maoe senjatané
pak geḍé enggo
growong ikoe
ia bener, amarga
adja nganti ana
kono, awit mo
ing kali; kajoe

P. „la."

D. „La, ia, n
adja bandjoer

9. Adja sok wani-wani anjamboet gawé ing wajah soeroep, ing bésoeké moendak dadi randa tanggoeng; ikoe saloegoené moeng anglarangi moerih para prawan-prawan adja nganti ana kang pada wani-wani anjamboet gawé ing wajah soeroep, amarga ing wajah soeroep ikoe wis peteng, temahan andadèkaké alaning samoebarang kang sinamboet maoe.

10. Jèn njapoe adja sok wani-wani nganti pating djalèprèt (isih reged), ing bésoeké moendak éntoek bodjo kang agodèkwok asimbar dada; ikoe saloegoené moeng anglarangi moerih prawan-prawan adja nganti ana kang pada wani-wani anjapoe isih katon reged, amarga ora prajoga, isih katon sepet menjang mripat.

11. Adja sok wani-wani njapoe angendegaké oewoeh, moendak angendakaké ridjeki; ikoe saloegoené moeng anglarangi moerih para botjah-botjah kang njapoe maoe adja nganti ana kang pada wani-wani angendegaké oewoeh, awit kang mengkono ikoe koerang prajoga, apa manèh oewoeh maoe jèn ditjèkèri ing pitik mesti bandjoer werata manèh, dadi ilang baé enggoné anandangi gawé.

Déné moelané enggoné anglarangi maoe nganggo diseranani wewedèn mengkono, soepaja botjah-botjah pada andoewènana wedi anglakoni djalaran pepatjoeh maoe; awit ora koerang-koerang botjah kang wangkal ora manoet marang pitoetoering wong toeané, amarga ora doewé wedi, moelané senadjan oedjar maoe djelomprongan, ananging prajoga jèn ka-enoeta, awit ikoe ora lia amoeng pamoerih marang kabetjikan; nanging pada soemoeroepa, jèn ikoe maoe senjatané oedjar djelomprongan. Mengkono oega pak gedé enggoné anoetoeri marang kowé, jèn ing kajoe growong ikoe ana gendroewoné, ikoe saka panemoekoe ia bener, amarga pamoerih soepaja botjah-botjah tjilik kabèh adja nganti ana kang pada wani-wani pénékan ana ing kajoe kono, awit moendak tiba, sebandjoeré mati katjegoer ing kali; kajoené arak ana ing pinggir kali, ta?"

P. „Ia."

D. „La, ia, moelané kang mengkono maoe éling-élingen, adja bandjoer moeng kedaoet-daoet bodomoe mengkono;

dadi saloegoené gendroewo ikoe ora ana temenan, senjatané moeng kanggo panggiri-giri baé, soepaja paḍa amitoeroeta lantaran wedi, déné soeara kang anggereng maoe saka panemoekoe mengkéné:

Kajoe kang growong ikoe, mesṭiné sa-èmper kenṭongan, ia ikoe kang djero growongé amba dawa, bolongané tjioet, dadi menawa katempoeh ing angin, kang mesṭi bandjoer anganakaké soeara kang goemrenggeng, ora béda kaja déné boemboeng oetawa sempritan kang kanggo dolanan botjah tjilik; ngerti?"

P. „Ia, kang, kaja-kaja ia bener kanḍamoe maoe, nanging pandjaloekkoe: betjiké ajo paḍa dinjatakaké baé, soepaja lega atikoe, dadi ora minḍo-gawèni."

D. „Ia, ajo, ta, wis dakteraké, nanging pradjangdjikoe: kowé jèn sepisan iki meksa ambrengkelo manèh, ati-atinen baé."

P. „Ora, ta, wis, sepisan iki akoe bakal manoet goemolong, adja soemelang pikirmoe."

Botjah teteloe bandjoer paḍa mangkat anjatakaké kajoe maoe; satekané ing panggonan kang sinedya, swara kang goemrenggeng ora keroengoe, ia ikoe djalaran ora ana angin. Poendjoel bandjoer tjelaṭoe manèh temboengé:

P. „Ta, déné teka ora ana swarané moeni."

K. + D. „Kowé ikoe teka anèh, la wong ora ana angin, moeni saka apa, hara, tjoba, mengko jèn ana angin roengokna."

P. „Ah, goroh, wong angin baé kaṭik bisa angoenèkaké, kaja menoengsa."

D. „É, la, botjah iki, koemat gembloengé manèh, djaré maoe wis ngandel, sa-iki ambalik manèh, kok ora mengerti akoe. Mengko, ta, akoe arep takon: kowé wis taoe weroeh sawangan dara apa doeroeng?"

P. „Oewis."

D. „Roepané kaja apa, tanḍané jèn kowé wis weroeh?"

P. „Roepané mèh ana èmperé karo sempritan boemboeng, dolanané botjah angon, ia apa ora?"

D. „Ia bener, ikoe jèn arep ngenggokaké ing darané kang arep dipasangi keprijé, pandokoké ana ngendi?"

P. „Kaja-kaj
dara."

D. „Ia bener
moeni apa ora

P. „Ora moe

D. „La bisar

P. „Angger
mesṭi bandjoer

D. „Ora, gac
oetawa miber,
kesentor ing a
kaseboel, moel
wonganing kajo
maoe, dadi m
(kasilir) ing an

P. „O, ia, be
Ora antara
kidoel anempoe
anganakaké soe
djoel kang dac
angroengoe soe
wongan katemp
rani njeḍak anj

D. „Ta, sa-i
roeng?"

P. „Ia, kan
senjatané gend
sa-iki wis ma
pisan-pisan anj

D. „Ia, akoe
ati roedjoek lar

Poendjoel b
maoe, soemedy
ngané karogoha

Djeḍoel were
anjatakaké djer
ènggal-ènggal a
digetak sarta a

PERPUSTAKAAN NASIONAL

P. „Kaja-kaja gadjegé ditjantjang ana ing boentoet dara."

D. „Ia bener ; jèn darané ora maboer sawangané maoe moeni apa ora ?"

P. „Ora moeni."

D. „La bisané moeni jèn darané pinoedjoe apa ?"

P. „Angger darané moeloek oetawa miber gadjegé mesṭi bandjoer moeni."

D. „Ora, gadjegé, pantjèn jèn darané noedjoe moeloek oetawa miber, sawangané maoe moeni temenan, amarga kesentor ing angin, dadi prasasat kaja déné sempritan kaseboel, moelané bandjoer moeni ; mengkono oega growonganing kajoe ikoe, ora béda karo sawanganing dara maoe, dadi moeniné moeng jèn pinoedjoe katempoeh (kasilir) ing angin baé."

P. „O, ia, bener kowé, kang."

Ora antara soewé bandjoer ana angin soemilir saka kidoel anempoeh growongan kajoe maoe, moela bandjoer anganakaké soeara goemrenggeng kaja pangirané Poendjoel kang dadi berdondi. Botjah teteloe maoe bareng angroengoe soeara goemrenggeng (ia ikoe soearaning growongan katempoeh ing angin maoe) bandjoer paḍa amarani njeḍak anjatakaké.

D. „Ta, sa-iki keprijé pengrasamoe, terang apa doeroeng ?"

P. „Ia, kang, sa-iki akoe wis ngandel temenan, jèn senjatané gendroewo ikoe ora ana ; amarga saka ikoe, sa-iki wis manoet apa kang dadi karepmoe, akoe ora pisan-pisan anjoelajani panemoe."

D. „Ia, akoe ia boengah banget, déné kowé wis doewé ati roedjoek lan akoe mengkono."

Poendjoel bandjoer anjeḍaki ing growonganing kajoe maoe, soemedya anjetitèkaké djeroning growongan, tangané karogohaké mendjero.

Djeḍoel weroeh jèn si Poendjoel anjeḍaki growongan anjatakaké djeroné nganti tangané kalebokaké, bandjoer ènggal-ènggal amarani andingkik saka boeri, si Poendjoel digetak sarta amedèn-medèni, temboengé :

„Adi, adi, ati-ati digondol gendroewo temenan kowé mengko!"

Si Poendjoel kagèt andjenggirat bandjoer loemajoe asipat koeping kambi angoewoeh-oewoeh, temboengé:

„Toeloeng! toeloeng! ana gendroewo! ana gendroewo!"

Si Djedoel soemoeroep tingkahing adiné mengkono maoe soekak atiné sarta tjelatoe:

D. „Djoel! Djoel! Djoel! mandega ora ana barang-barang."

Poendjoel angroengoe pangoewoehing kakangané mengkono maoe bandjoer anolèh sarta mandeg. Djedoel tjelatoe manèh:

„Djaréné wis ngandel temenan, digiri-giri mengkono baé djeboel loemajoe asipat koeping, kaja diboeroe matjan; keprijé kandamoe maoe, kok djeboel njlalemong."

P. „Ah, la, wong kowé bisa gawé-gawé baé."

D. „Ah, ora, sabab saka ikoe, jèn pantjèn kowé wis ngandel temenan mangsa wedia jèn moeng diwedèni mengkono baé."

P. „O, ia, kang, sarèhning akoe iki lagi anjar-anjaran panganggepkoe marang kawroehmoe, dadi isih rada ganggam pikirkoé, doeroeng ngandel babar-pisan."

D. „Adja mengkono, koedoe kosampoernakaké babar-pisan, adja tanggoeng (mogol) kéné ora mèloe kana ora mèloe (kaja dedongènganing gagak kang kèloe marang merak), moendak ora ingakoe rana-réné."

K. „La, sa-iki akoe bakal nagih pradjangdjian marang Poendjoel, keprijé karepmoe?"

P. „Mangsa bodoa kowé, akoe moeng manoet baé, marga wis roemangsa kalah pradjangdji."

K. „La, sa-iki akoe kelakon anggrajang endasmoe."

P. „Ia, enja, anggeré kakang Djedoel amoepakati, akoe ora bakal serik, djaragan wis daksedjakaké."

D. „Mengko, ta, Prèt, akoe arep toetoer marang kowé."

K. „Toetoer apa, ènggal dakroengokné."

D. „Ia, ananging wekaskoe sadoeroengé akoe awèh pratikel, kowé gelema mitoeroet marang pratikelkoe kang bakal dakkandakaké marang kowé."

K. „Ah, kow
baé, ia jèn p
baé, keprijé?"
D. „Ah, ora,
kono maoe, an
prajoga mangs
K. „Mengko
dewé, ora toen
D. „Ora, ia
sakabèhé; men
tasé sekabèhé,
K. „Ia, jèn
ngokné."
D. „Mengké
Poendjoel ikoe,
dewé lan mara
djoel ikoe men
amigoenani toe
nang oega ora a
aké etjrahing e
andadèkaké in
oedjaring beba
déné dongèngi
rang anak-anak
ngi amoeng tan
oe pada dikon
djoer dikon an
ora kelakon t
santosa) anang
pisah ing sed
(jaikoe kaja
amarga pisah la
loro banget i
tansah roentoe
singabarong k
naning sapi n
roemangsa or
loro, dadi ora v

PERPUSTAKAAN NASIONAL

K. „Ah, kowé ki kok anèh, anggalap menangmoe ḍéwé baé, ia jèn pitoetoer betjik, jèn moeng djalomprongan baé, keprijé?"

D. „Ah, ora, anané akoe kanḍa menjang kowé mengkono maoe, amesṭi prajoga jèn kotoeroeta, sa-oepama ora prajoga mangsa dakkanḍakna marang kowé."

K. „Mengko betjiké gèk moeng toemrap marang awakmoe ḍéwé, ora toemrap marang akoe lan sakabèh-kabèhé?"

D. „Ora, ia toemrap marang kowé, ia toemrap marang sakabèhé; mengko jèn panimbangmoe ora prajoga ingatasé sekabèhé, kowé ia adja gelem amitoehoe."

K. „Ia, jèn mengkono, mara tjoba kanḍakna, dakroengokné."

D. „Mengkéné: Oedjarmoe kang akèh-akèh marang si Poendjoel ikoe, ora ana goenañé toemrapé marang awakmoe ḍéwé lan marang si Poendjoel, amarga sa-oepama si Poendjoel ikoe menanga ora éntoek koekoeban apa-apa kang amigoenani toemrap awaké, mengkono oega kowé jèn menang oega ora ana pakolèhé apa-apa, malah-malah andadèkaké etjrahing enggonmoe sedoeloeran, kang temahané paḍa andadèkaké ing kapitoenanmoe sakeloron, angélingana oedjaring bebasan, jèn roekoen ikoe agawé santosa, kaja déné dongènging wong kang angakon anoegel sada marang anak-anaké, amarga anak-anaké maoe ing rina lan wengi amoeng tansah atjongkrah baé. Sekawit anak-anaké maoe paḍa dikon anoegel sada nidji, sawisé paḍa toegel bandjoer dikon anoegel sada bengketan agenti-genti, nanging ora kelakon toegel (tetoeladan jèn roekoen ikoe agawé santosa) ananging jèn tansah tjongkrah (ora roekoen) tansah pisah ing sedoeloeré, ora woeroeng andadèkaké sangsara (jaikoe kaja dongèng sapi kang kamangsa ing matjan, amarga pisah lawan kantjané). Terangé mengkéné: Ana sapi loro banget ing soepeketé, menjanga ngendi baé amoeng tansah roentoeng-roentoeng; sapi maoe doewé satroe jaikoe singabarong kang doemoenoeng ing alas satjeḍaké pangonaning sapi maoe, ananging sarèhning singabarong maoe roemangsa ora koeagang ananggoelangi koerdaning sapi loro, dadi ora wani angganggoe gawé; soewéning soewé sapi

loro maoe bandjoer etjrah sabab padoe, dadi wis ora koempoel, apa manèh jèn golèk pangan ora taoe roentoeng-roentoeng kaja sabené; singabarong weroeh tindaké sapi kang kaja mengkono maoe banget andadèkaké boengahing atiné, amarga roemangsa bakal katoetoegan karepé; sapi maoe tjekaké kelakon kena kamangsa ing singabarong.

Amarga saka tetoeladan ikoe moelané saka ing panemoekoe kaloepoetané si Poendjoel marang kowé betjik apoeranen baé, soepaja anambahana sentosaning awakmoe sakeloron."

K. „O, ia bener oedjarmoe ikoe, akoe tjoṇḍong banget, la kowé maoené teka nganggo giri-giri arep naboki, marang Poendjoel, dadi akoe ia manoet baé, amarga akoe roemangsa sedoeloerkoe toea moeng kowé."

D. „O, oedjarkoe kang kaja mengkono maoe, saloegoené moeng ana lambé baé, ora pisan-pisan daklebokaké ing atikoe, déné anané akoe doewé oedjar kang kaja mengkono, moerih si Poendjoel kekarepané bisaha djoemboeh karo kekarepamoe lan kekarepakoe."

K. „Ia, ia, bener kowé."

Kamprèt bandjoer andjaloek pangapoera akèh-akèh kambi angasih-asih marang si Poendjoel, temboengé:

K. „Di, adja andadèkaké atimoe ja, oedjarkoe kang wis kawetoe akèh-akèh marang kowé maoe adja pisan-pisan korasakaké, marga ing wektoe maoe akoe lagi kalimpoet, ora dakpikir ala lan betjiké sarta bakal toemibané ing boeri (jaikoe amarga saka boḍokoe), moela kang geḍé ing pengapoeramoe."

P. „Ora kang, mengkono oega akoe ia ngapoeranen sakèhing kaloepoetakoe, moeng pamoedjikoe maring Allah, moega-moega linestarèkna enggonkoe sedoeloeran karo kowé ing salawas-lawasé."

D. „Ajo wis paḍa moelih, iki wis wengi, sésoek moenḍak kawanan."

K. + P. „Ajo."

Botjah teteloené bandjoer paḍa moelih aroentoeng-roentoeng kambi bebanjolan ing sedalan-dalan; satekané ing omah botjah maoe bandjoer paḍa toeroe ing lintjak penḍapa nganti toemeka ing wajah ésoek; botjah teteloe

maoe saka keselé enggoné toeroe nganti sawengi ora anglisik; satanginé botjah teteloe maoe (jaikoe ing wajah ésoek oemoen-oemoen) bandjoer paḍa menjang pakebonan angloempoekaké larahan perloe di-obong kanggo angropok pohoeng enggoné ambeḍol ing pategalan kono oega; sadoeroengé pohoengé mateng botjah teloe maoe paḍa api-api arerasan sinambi gegoejon (angentèni matenging pohoeng), ora wetara soewé Djeḍoel andoewèni panemoe, temboengé:

D. „Dakpikir-pikir oewong koewi geḍé-tjilik, soegih-mlarat kirakoe rekasaning pikiré paḍa baé."

K. „Paḍa baé keprijé ta Doel, teka doeroeng pati ngerti akoe."

D. „Enggonkoe angarani paḍa baé koewi mengkéné: manoengsa ikoe geḍéa, tjilika, soegiha, melarata mesṭi andoewèni kasenengan ingatasé awaké ḍéwé-ḍéwé, kang tetimbangané paḍa karo ka-anané, tegesé senengé atiné ora ana bédané, kaja ta: akoe lan kowé (oewong tjilik sarta wong mlarat) angropok pohoeng mengkéné iki, senenging ati kirakoe ora béda jèn katanḍinga karo priaji wedana oetawa wong soegih kang lagi ngoendjoek wédang karo ḍahar roti lan mertéga. Wong mlarat doewé ḍoewit *f* 2,50 ikoe senengé atiné mesṭi wis amaḍani priaji oetawa wong soegih kang anggèmbol ḍoewit *f* 25. Akoe lan kowé bisa toekoe djarik rega *f* 1 ikoe senengé atiné mesṭi wis amaḍani jèn dara wedana moenḍoet njamping rega *f* 10 kaé; kaja mengkono ing sabandjoeré."

Si Kamprèt bareng kroengoe oedjaré Djeḍoel kaja mengkono maoe bandjoer amikir-mikir, woesana bandjoer atjelaṭoe, temboengé:

„K. Ia, pamikirkoe, bener banget panemoemoe ikoe Doel. Dadi jèn mengkono mirid panemoe ikoe, oewong kang pametoené *f* 25 sesasi kèhing wetoening ḍoewit koedoe moeng saparoning wong kang pametoené *f* 50 sesasi, lan sapreteloné wong kang pametoené *f* 75 sesasi, mengkono sebandjoeré, kaja ta oepama wong kang pametoené *f* 75 maoe entèking belandjané ing sedina *f* 1,50 wong kang pametoené *f* 50, koedoe *f* 1, sedinané, mengkono manèh wong kang pametoené *f* 25 koedoe *f* 0,50—.

Oepama wong kang pametoené *f* 75 oedoeté ing sadinadinané rokok kang rega *f* 0,50 ing satoesé, wong kang pametoené *f* 50, koedoe oedoet rokok kang satoesé rega *f* 0,35 déné wong kang pametoené *f* 25 oedoeté koedoe rokok kang satoesé rega *f* 0,15 (soekoer bagé bisa angoerangi saka reregan ikoe). Jèn wong kang pametoené *f* 75 sesasi nganggo djarik kang rega *f* 3, wong kang pametoené *f* 50, sesasi djariké koedoe rega *f* 2, wong kang pametoené *f* 25 sesasi koedoe djarik rega *f* 1. Déné wong kang pametoené ing sesasi koerang saka *f* 25 koedoe andoewèni tetimbangan ḍéwé, amarga jèn ora mengkono mesṭi bakal rekasa oeripé (semono maoe kedjaba penganggo jèn anoedjoe pasamoean). Apa ora bener?"

D. „O, ia ḍasar mengkono jèn amboeroe oetamané, ananging akoe goemoen banget déné tindak kang mengkono maoe ora loemrah dilakoni ingakèh, mangka wis tetéla ing oetamané; ora koerang-koerang wong kang pametoené koerang *f* 25 sesasi panganggo-sapanganggoné, patrap-sapatrapé angoengkoel-oengkoeli wong kang pametoené *f* 50.— sesasi, kaja ta: oepama wong kang pametoené sesasi *f* 50.— maoe oedoet sigarèt, jèn nganggo djarik rega *f* 2.—, jèn tajoeban tomboké moeng *f* 0,50, wong kang pametoené *f* 25.— maoe oedoeté sroetoe rega *f* 0,05 sidji, djariké rega *f* 6.— jèn tajoeban tomboké *f* 1,50 ia ikoe moeng anoeroeti ardaning ati (oegoengan) soeprihé ingalema ingakèh; ia bener kang mengkono maoe andadèkaké senenging atiné lan garangé, ananging apa ora andadèkaké kasangsaraning oeripé djalaran kekoerangan? saloegoe njata amarga ora koerang-koerang wong kang doewé patrap kaja mengkono maoe bandjoer andadèkaké ing kasangsarané oeripé, temahan soewé-soewé bandjoer ora loemrah ingakèh amarga saka mlaraté, malah ana oega kang bandjoer anindakaké patrap angkara (semono maoe kang pametoené mligi blandjané ora doewé simpenan ḍoewit liané) ananging senadjan simpenané wis akèha apa ora prajoga jèn simpenané maoe di-oewèt-oewèta; apa ta alané wong anggemèni barang darbèké? Kaja-kaja ora bakal ana wong kang kelakon njaroe; aloewoeng jèn andoewèni

patrap kang ang
tartamtoe ora k
bener ing nalil
andoewèni mé
goela ana semo
wis kédanan n
Ora moeng
gihé rinaketan i
bareng wis m
ngamboes, (jai
Toemeka se
bandjoer anjan
P. „Ia, dak
betjiking awak
diréwangi entè
njatané, anangi
di-aranana amr
Djeḍoel ama
D. „La sa-iki
ikoe mesṭi aml
nawa anampar
ḍéwé pisan,
ènggal-ènggal
ḍéwé, amarga
wis soemoeroe
neraké lan am
kang bandjoer
nging apa wo
Ora, amarga
mesṭi bandjoe
lan awèh ses
nan, awit pan
bisa soemoer
ing loepoeté
menawa tjinel
ora perloe is
lan oewong k
loepoet, saka

patrap kang angéwak-éwakaké kaja kaseboet ḍoewoer maoe tartamtoe ora koerang tangga teparoné kang ngéwani, ia bener ing nalika isih ketjoekoepan akèh wong kang paḍa andoewèni mélik, (angélingana oedjaring bebasan: ana goela ana semoet) ananging apa panrimané wong-wong kang wis kédanan maoe bakal selawas-lawasé? Kaja-kaja ora.

Ora moeng loro oetawa sidji baé kang ing nalika soegihé rinaketan ing sanak-sanak lan tangga teparoné, nanging bareng wis mlarat paribasané ana: ora ana kang soedi ngamboes, (jaikoe amarga wis ora ana pakolèhé)."

Toemeka semono panemoené Djeḍoel si Poendjoel bandjoer anjamboengi, temboengé:

P. „Ia, dakpikir-pikir oewong koewi enggoné amoerih betjiking awaké nganti ora étoeng barang-barang, nganti diréwangi ėntèk banḍané, éwa semono senadjan wis tetéla njatané, ananging sekabèhing wong mesṭi ora gelem jèn di-aranana amrada awaké ḍéwé."

Djeḍoel amangsoeli, temboengé:

D. „La sa-iki kowé wis soemoeroep jèn sekabèhing wong ikoe mesṭi ambetjikaké awaké ḍéwé, moelané kowé menawa anampani wadoelé sapa baé, senadjan bodjomoe ḍéwé pisan, kang angala-ala marang wong liané, adja ènggal-ènggal kogoegoe jèn kowé doeroeng anjoemoeroepi ḍéwé, amarga jaikoe maoe, sekabèhing wong senadjan wis soemoeroep ing loepoeté, kang akèh-akèh mesṭi ambeneraké lan ambetjikaké awaké ḍéwé; sèwoe sidji oewong kang bandjoer roemangsa ing loepoeté ḍéwé ikoe? Ananging apa wong kang moengkir ing loepoeté maoe bener? Ora, amarga oewong kang moengkir ing loepoeté ikoe mesṭi bandjoer ora ana oewong lia kang ambeneraké lan awèh sesoeroepan kang terang, dadi malah kapitoenan, awit pantjèné soemoeroep ing beneré bandjoer ora bisa soemoeroep. Apa sababé oewong paḍa moengkir ing loepoeté ikoe? Ora lia amoeng sabab saka isin menawa tjinela ing akèh. Pantjèné oewong loepoet ikoe ora perloe isin, amarga ora amoeng oewong sidji loro lan oewong kang koerang sesoeroepané baé kang doewé loepoet, sakabèhing wong mesṭi doewé loepoet; apa

manèh oewong kang doeroeng akèh sesoeroepané ora doewéa loepoet, senadjan para sardjana lan para loehoer pisan isih doewé loepoet. Sakèh-kèhing oewong akèh kang ora seneng atiné menawa kaloepoetané maoe ginelar ing lian, malah ora koerang-koerang oewong padoe nganti andadèkaké etjrah amarga saka ditoedoehaké ing loepoeté kaseboet ḍoewoer. Kang mengkono maoe saka panemoekoe loepoet banget, malah pantjèné oewong kang doewé loepoet ikoe, jèn ana kang anoedoehaké loepoeté wadjib amoenḍi-moenḍi lan awèh panarima marang ing wong kang anoedoehaké ing loepoeté maoe."

Lagi toemeka semono enggoné paḍa reremboegan olèhé ngropok pohoeng kaselak mateng; botjah teteloené bandjoer paḍa reboet ḍisik adia-dinia sinambi gegoejon; sawisé mangan bandjoer lelinggihan menjang penḍapa, sawoesé aso ing sawetara, si Poendjoel pitakon marang Djeḍoel, temboengé:

P. „Kang, kang, akoe arep takon manèh ambalèni panoenggalané kang wis daktakokaké ingarep."

D. „Apa kang arep kotakokaké manèh, apa bab memedi?"

P. „Ora, kanḍané wong toea-toea ing Keḍoeng Djambal (ing bengawan Sala) ikoe jèn moeni kemrasak ing wajah bengi, amratanḍani jèn ing sawah-sawah sakiwa tengené kono bakal kekoerangan banjoe; apa kang mengkono maoe bener, kang?"

D. „La kowé keprijé panemoemoe, apa bener apa loepoet oedjar kang kaja mengkono ikoe; ara pikiren."

Poendjoel bandjoer meneng ing sawetara kambi amikir-mikir, ananging ora bisa nemoe, woesanané bandjoer tjelaṭoe, temboengé:

P. „Ora bisa nemoe kang akoe, mara agé ta terangna, keprijé sababé déné terkaḍang moeni terkaḍang ora."

Djeḍoel anerangaké temboengé:

D. „Roengokna, kang di-arani Keḍoeng Djambal ikoe sawidjining keḍoeng kang akèh karangé, ia apa ora?"

P. „Ia, njata temenan kang pantjèn mengkono."

D. „La, sa-iki mengkéné, moelané ing kono maoe terkaḍang anjoeara terkaḍang ora, ketrangané mengkéné:

Keḍoeng Dj
daktitèni mara
wis tetéla jèn
rangan banjoe,
paḍa asat, da
Keḍoeng Djan
tengené kono
marga moenir
ora moeng s
banjoe, senad
oega."

P. „Kekoe
anganakaké sv

D. „Ah, k
baé ora bisa
ḍoeng Djamb
nganggo menḍ

P. „Ia."

D. „Jèn ma

P. „Ia, ben

D. „La, ia,
mrasak, marga
ana ing karan
ilining banjoe
watoe oetawa
kang kotakoka

P. „La, jè
ora ana soear
baé, ikoe ap
gawéné lelem

D. „O, k
soearané ma
soeara roepa-
oenining ga
pembengingèl
ning manoek-

Anané jèn
wéla djalaran

Kedoeng Djambal maoe enggoné moeni kemrasak wis daktitèni marambah-rambah mesti ing mangsa ketiga, dadi wis tetéla jèn moeniné kemrasak maoe amarga saka kekoerangan banjoe, awit loemrahé ing wajah ketiga ikoe kali-kali pada asat, dadi jèn mengkono ia bener kang angarani jèn Kedoeng Djambal maoe moeni, sawah-sawah ing sakiwa tengené kono bakal kekoerangan banjoe kaja kandamoe, marga moeniné mesti ing wajah terang (ketiga), malah ora moeng sakiwa tengené kono baé kang kekoerangan banjoe, senadjan ing lia-liané panggonan ia mengkono oega."

P. „Kekoerangan banjoe keprijé ta kang teka dadi anganakaké swara?"

D. „Ah, kowé koewi kok bodo temen, kaja mengkono baé ora bisa andoega-doega (amikir); karangé ing Kedoeng Djambal maoe mestiné ora werata, kang akèh nganggo mendak-mendoekoel toer amirang-miring."

P. „Ia."

D. „Jèn mangsa ketiga banjoené maoe arak mesti tjilik ta."

P. „Ia, bener kang, sawisé mengkono keprijé?"

D. „La, ia, moelané bandjoer anganakaké soeara kemrasak, marga banjoené moeng setitik, katik nganggo mili ana ing karang kang miring toer pating barendjoel, dadi ilining banjoe goemrodjog tansah amolak-malik, nerak watoe oetawa karang, temahan anganakaké soeara kaja kang kotakokaké maoe."

P. „La, jèn wajah awan senadjan ketigaha pisan teka ora ana soearané, kroengoené jèn moeng ing wajah bengi baé, ikoe apa sababé, apa ora mèmper jèn ikoe panggawéné lelemboet?"

D. „O, koewi mengkéné sababé: moelané jèn awan soearané maoe ora keroengoe, amarga ketawoer déning soeara roepa-roepa, kaja ta: soearaning oewong-oewong oenining gamelan, terbang, lakoening karéta, grobag, pembengingèhing djaran, pembengahing kebo, sapi, oenining manoek-manoek lan soearaning kéwan lia-liané.

Anané jèn ing wajah bengi soeara maoe tjeta awéla-wéla djalaran ing wajah bengi ikoe ora pati akèh soeara

kaja jèn ing wajah awan, awit oewong lan kéwan sarta lia-liané kaja kaseboet ing ḍoewoer wis paḍa toeroe kabèh."

P. „Ia, wis, ngandel akoe; sa-iki akoe arep takon manèh apa sababé déné jèn ing wajah renḍeng teka ora anjoeara."

D. „É, é, botjah iki, wong wis dikanḍani kaja mengkono kok meksa doeroeng tampa, pantjèné liané kowé jèn wis diterang-terangaké kaja mengkono maoe arak bandjoer bisa amikir ing bab lia-liané; kebangeten temen enggonmoe tinitah oerip ikoe, teka tanpa mosik babarpisan atimoe anggagas kaja mengkono baé ora bisa njanḍak."

P. „Ora ta kang, adja akèh-akèh kang ko-oetjapaké, ènggal terangna soepaja dang lega atikoe."

D. „Weroeha moelané jèn ing wajah renḍeng ikoe ora ana soearané kemrasak, amarga banjoené kali geḍé (kebak isi banjoe) dadi iliné ngleneng baé, ora moentjrat-moentjrat kaja jèn ing wajah ketiga (neḍeng-neḍengé esating banjoe) iliné nenḍangi watoe lan paḍas."

P. „Ia kang ikoe wis anotjogi panemoemoe ikoe."

D. „Ora Doel akoe arep takon marang kowé, apa sababé déné maoené kowé doewé ati kang djirihan, wedi marang oetjaping lian kang doeroeng karoean temené?"

P. „O, kang moelané akoe andoewèni pikiran kang kaja mengkono ikoe, amarga ing salawas-lawaskoe, akoe doeroeng kroengoe oedjar kang kaja kanḍamoe maoe, sabensaben wong toea aparing pitoedoeh (tjerita) ora lia-lia kedjaba moeng jèn: ing soemoer ikoe ana kang toenggoe, ing kajoe growong ikoe ana gendroewoné, ing kali kana kaé ana sétané, mengkono ing sapenoenggalané; ing sarèhning ora moeng para sepoeh sidji loro baé kang paring pitoedoeh, ananging mèh kabèh baé, dadi akoe kepeksa ngandel bandjoer maras atikoe, amarga wis akèh seksiné, jaikoe para sepoeh maoe."

D. „La wong ora kopikir kang dawa ḍisik, apa kowé wis weroeh ḍéwé ta marang memedi kanḍaning para sepoeh kang kotjaritakaké maoe?"

P. „Ia, doeroeng."

D. „Kena apa teka kowé goegoe, sebarang ikoe arak

koedoe ngangg
ènggal anggoeg
ḍéwé oetawa s

P. „Ia, kang
koe botjah tji
giria marang
ṭèṭèkan, lan sa
prajoga jèn ta
Tjina lan lia-
maoe bisa oega
sarta andadèka
Tjina lan sapa

D. „Dasar
soek menawa
memedi kaja
riné menawa w
apa manèh oe
sekolahaké me
djeng Goeperm
panggonan lia-
kolahaké Wel
pamoelangan a

wis loemajan ka
lajang kang perl
batal (ambalèk
ing pasinaoené
langan asor p
di-apoesi ing
mamang pikir
naoené maoe
liané (kang ora
gonan wis dis
djeng Goepern
toko ia ora ko
kapinterané. B
jèn ing tembé
marang si bo
bakal kangélar

koedoe nganggo ditaliti kang salesih ḍisik, adja ènggal-ènggal anggoegoe menawa kowé doeroeng anjoemoeroepi ḍéwé oetawa seksi kang tetéla beneré.

P. „Ia, kang bener kowé ; jèn mengkono saka panemoekoe botjah tjilik ikoe ora prajoga banget jèn ta kagirigiria marang memedi, kaja ta: ana gendroewo, ana tètèkan, lan sapanoenggalané, mengkono oega ia koerang prajoga jèn ta diwedèn-wedènana, jèn di-epèk Welanda, Tjina lan lia-liané manèh, amarga kang kaja mengkono maoe bisa oega bandjoer andadèkaké djirihing botjah maoe, sarta andadèkaké tjlingoesé, awit saka wedi ing Welanda, Tjina lan sapanoenggalané kaseboet ḍoewoer."

D. „Dasar ia njata kanḍamoe ikoe, moelané kowé bésoèk menawa doewé anak, adja awèh digiri-giri marang memedi kaja kang kotjaritakaké maoe, soepaja ing boeriné menawa wis geḍé andoewèni ati tatag lan kendelan; apa manèh oewong doewé anak ikoe perloe banget disekolahaké menjang ing pamoelangan kagoengané kangdjeng Goepermèn kang wis diseḍiakaké ing koeṭa-koeṭa lan panggonan lia-liané kang perloe, soekoer bagé bisa anjekolahaké Welanda, ora-orané anggeré wis bisa tamat ing pamoelangan angka I oetawa II baé ingatasé wong tani oega wis loemajan kanggo sangoening oeripé, tegesé matja-matja lajang kang perloe disoemoeroepi, lan noelis-noelis ora bakal batal (ambalèkaké), tambah-tambah wong kang wis tamat ing pasinaoené maoe senadjan moeng tamat ing pamoelangan asor pisan, barang darbèké ora bakal gampang di-apoesi ing lian awit wong kang arep ngapoesi mesṭi mamang pikiré, apa manèh kang sawising tamat pasinaoené maoe bandjoer saregep matja lajang kawroeh lialiané (kang ora angèl pangoepajané, déné ingendi-endi panggonan wis diseḍiani boekoe-boekoe watjan déning kangdjeng Goepermèn kanggo ing wong boemi lan manèh ing toko ia ora koerang) mesṭi bakal moenḍak-moenḍak ing kapinterané. Botjah disekolahaké ikoe wis tjeṭa wéla-wéla jèn ing tembé boeriné bakal akèh banget pikolèhé toemrap marang si botjah kang disekolahaké maoe, jaikoe ora bakal kangélan enggoné golèk pangoepa-djiwa toemrap

oeripé, sarta ora gampang tjininṭoeng ing lian; ananging apa sababé déné akèh oewong kang paḍa éman anjekolahaké anaké, toer ora sepiraha pembajaré? Apa paḍa ḍemen menawa anaké boḍo ora weroeh ing bongkot poetjoeking aksara lan kerep ingapoesan ing oewong lian? Apa enggoné abot anjekolahaké maoe amarga ora koeat pambajaré? Kaja-kaja ora, amarga anganakaké ḍoewit *f* 0.10 sesasi baé wis bisa anjekolahaké anaké ing pamoelangan ḍines, kang sakabèhé praboting pasinaoené wis ora perloe anganakaké ḍéwé, déné wis diseḍiani déning kangdjeng Goepermèn; apa kang mengkono maoe ora majar?

Sakèh-kèhing oewong ora koerang-koerang kang doewé pamikir klèroe, jaikoe éman marang anaké kang disekolahaké, amarga sedina-dina tansah kepanasen ana ing dalan lan sok digitiki ing goeroené, apa manèh jèn ing panggonan padoenoengané kono ora ana pamoelangan, koedoe kapeksa pisah lan ḍèwèké (kang doewé anak) wekasan andadèkaké soesah ing atiné amarga angangen-angen anaké. Amarga toewoeh pikiré kang kaja mengkono maoe, anaké bandjoer diwetokaké saka pamoelangan, moeng dikon dolan ana ing omah baé; mesṭi baé kang mengkono ikoe andadèkaké seneng lan boengahing anaké, ananging gèk keprijé apa botjah maoe ing tembé boeriné bakal bisa seneng? Kirakoe mesṭi ora, awit djamané sa-iki barang-barang panggawé koedoe dikanṭèni pinter sastra, jèn ora mengkono mesṭi bakal kesoerang-soerang oeripé."

P. „Ia kang, prajoga banget panemoemoe ikoe, moela ia bakal dakèstokaké. Ora kang akoe arep takon manèh marang kowé, toer akèh kang bakal daktakokaké."

D. „Apa kang arep ko takokaké manèh?"

P. „Ia isih bab panoenggalané memedi."

D. „Ah kok bab mengkono baé ko-oeleg-oeleg, apa ora ana liané manèh kang kotakokaké?

P. „Ia bèn ta, karebèné paḍang babar pisan atikoe."

D. „Tjoba kanḍakna, sabisa-bisakoe dakdjawabé."

P. „Akoe wis marambah-rambah kroengoe oedjaring wong, jèn sakabèhing wong kang andoewèni ati panastèn, drengki, djoelig lan lia-liané, ikoe jèn wis toemekaning

pati penḍeman
djaréné bandj
bioeng toeloe
kèhing koeboe
wong kang ati
djoelig maoe)
andoewèni lak
liané; ikoe ap

D. „O, wroe
oedjar djalom
kaseboet inga
moerih para
wani-wani ang
tinoeroeta, an
panggawé be
mengkéné:

Moelané ko
oetawa ora, a
baé, terkaḍang
maḍet pangoer
senadjan penḍ
wé ati drengk
kirakoe ia ora
né wong kang
pangoeroegé
mengkono iko
wong lan kéwa

P. „Ia kok a

Kaping pinḍ
kroengoe kanḍ
hara maoe an
karsa tindak
pakoermatané,
angoermati ng
ing pajon, sap
maoe, nanging
kang kaja men

D. „Ah, ik

pati pendemaning djisimé mesti bandjoer growong, awit djaréné bandjoer malih dadi memedi, kaja ta: werdon, bioeng toeloeng, tètèkan lan sapanoenggalané, dadi sakèhing koeboer kang growong ikoe mesti pendemaning wong kang atiné lan tandoeké ala (panastèn, drengkèn lan djoelig maoe) ora-orané ia pendemané wong kang andoewèni lakoe ala kaja ta: maling, njoendel lan lialiané; ikoe apa ia dasar njata?"

D. „O, wroehanamoe, ikoe saka panemoekoe oega moeng oedjar djalomprongan baé, kaja kang wis dakkandakaké kaseboet ingarep maoe; ikoe sanjatané moeng wewaler moerih para oewong-oewong kabèh adja ana kang wani-wani anglakoni panggawé ala, dadi ia prajoga jèn tinoeroeta, amarga plajoené ora lia amoeng menjang panggawé betjik, moenggoeh ketrangané panemoekoe mengkéné:

Moelané koeboer (pendeman) ikoe ana kang growong oetawa ora, amarga pangoeroegé djisim maoe ora pada baé, terkadang madet pangoeroegé terkadang ora, kang madet pangoeroegé maoe mestiné ora bisa growong, dadi senadjan pendemané wong kang ing nalika oeripé doewé ati drengkèn, panastèn, menawa madet pangoeroegé kirakoe ia ora bisa growong; mengkono oega kosok-baliné wong kang nalika oeripé atiné betjik, menawa ora madet pangoeroegé ia bandjoer growong, amarga kang kaja mengkono ikoe jèn ketiban oedan lan kepidak-pidak ing wong lan kéwan gampang longsoré."

P. „Ia kok ana èmperé kang kandamoe ikoe.

Kaping pindoné nalika ana plahara (angin gedé) akoe kroengoe kandaning oewong mengkéné: Moelané ana plahara maoe amarga njai Rara kidoel (ratoening dedemit) karsa tindak ameng-ameng, dadi angin maoe minangka pakoermatané, moelané oewong-oewong pada bandjoer angoermati ngobong menjan, ngobong oejah, njebar oejah ing pajon, sapepadané, awit angoermati njai Rara kidoel maoe, nanging doedoe anginé. Ikoe keprijé, apa patrap kang kaja mengkono maoe ia bener?"

D. „Ah, ikoe saka panemoekoe kaja-kaja kok ia ora,

tanḍané ora ana kanjatahané apa-apa, déné angin wis loemrahé terkaḍang geḍé terkaḍang tjilik."

P. „Oedjaring akèh djaréné kang moeni goemroeboeg ikoe swaraning para wadya-bala lelemboet kang paḍa anḍèrèkaké tindaké njai Rara kidoel maoe."

D. „Ah, goroh, loemrah baé anjoeara goemroeboeg, lawong saka geḍéning angin, lagi angin tjilik baé soearaning menjang koeping wis weng-wengan, apa manèh anginé geḍé toer anradjang gegoḍonganing kekajon, mesṭi baé bandjoer anganakaké soeara goemrenggeng (goemroeboeg)."

P. „La, kaṭik nganggo dikoetoegi barang."

D. „O, koewi arak sing gelem, kang ora gelem ia ora apa-apa."

P. „Ia, oewis sa-iki akoe takon manèh ; pak geḍé wis kanḍa menjang akoe jèn ing papringan satjeḍaking kramatan lor kéné iki ana memediné ṭèṭèkan, kowé apa ia ngandel kang mengkono ikoe ?"

D. „Ora ngandel akoe, apa kowé wis weroeh ḍéwé ta ?"

P. „Akoe ia doeroeng taoe weroeh woedjoedé, nanging soearané akoe wis kerep kroengoe ḍéwé toer terang. Keprijé panemoemoe, rèhning ikoe wis ana seksiné."

D. „Kirakoe kang moeni maoe doedoe soearaning memedi, ananging soearaning epring kang paḍa ḍèmpèt ing ḍapoeran."

P. „Pring ḍèmpèt keprijé ta kanḍamoe ikoe, akoe kok doeroeng terang babar pisan."

D. „Mengkéné takkanḍani: „Epring ikoe jèn isih ana ḍapoeran arak ḍèmpèt ta lan kantja-kantjané."

P. „Ia bener."

D. „Amarga saka koempoeling pring akèh, dadi goḍongé ia akèh (angremboejoeng), samangsané katempoeh ing angin, epring maoe bandjoer ojag, temahan epringé bandjoer kesoet-kinesoet, woesana anganakaké soeara kang ko-arani ṭèṭèkan maoe."

P. „Apa temenan ta kang, ara tjoba ajo paḍa dinjatakaké moerih terangé babar pisan, adja aminḍo gawèni."

D. „Ajo, Kamprèt di-adjak ja?"

P. „Ia ; ajo Prèt mèloea."

K. „Ajo, anggeré kowé adja anggondèli akoe."

Botjah teteloe bandjoer pada loemakoe agegantjangan anjatakaké ingisor papringan, satekané ing kono pada angroengokaké menawa ana soeara keroengoe. Ora antara soewé ana angin soemribit anempoeh ing dapoeraning epring kang tinoenggoe maoe, temahan amarga saka gosok-ginosoking pring lan kantja-kantjané bandjoer anganakaké soeara pating krekèt. Djedoel bandjoer tjelatoe:

D. „Ara roengokna Djoel, arak temenan ta pambatangkoe."

P. „O, ia bener kowé kang; wis ta ajo pada moelih."

D „Ajo."

Botjah teteloe bandjoer pada moelih, satekané ing omah si Poendjoel takon manèh temboengé:

P. „La, kaping paté, sa-iki akoe arep takon bab impèn, akoe wis kerep weroeh wong angandakaké impèné, kaja ta diboeroe matjan, ngoendoeh gedang, ngoental remboelan lan sapepadané, ikoe djaréné anandakaké jèn kang ngimpi maoe bakal nemoe kanoegrahan. Ana oega kang angandakaké impène: jèn tjoplok oentoené, adoes kramas, diroeboeng siwoer lan sapepadané, ikoe djaré ilapat jèn bakal kasripahan, sarta awaké déwé kang arep mati. Ikoe apa bener?"

D. „Ah, jèn saka panemoekoe moenggoeh bab impèn ikoe ora kena digoegoe."

P. „La, katik ana kang nganggo disarati ngetok poetjoeking ramboet barang kaé apa perloené?"

D. „O, ikoe arak kang ora mengerti (isih ngenggoni goegon-toehon), jèn moenggoeh ingakoe kang mengkono maoe ora perloe, awit saloegoené impèn ikoe ketrangané mengkéné (nanging moeng kira-kira baé):

Impèn ikoe moeng kembanging toeroe baé, saben toeroené kakèhan amasti bandjoer akèh impèné, mengkono oega jèn enggoné toeroe maoe ketindihan (ketoempangan barang-barang), kaja ta: ketindihan goeling, ketindihan bantal, sikilé kagoebed ing kemoel, tangané ketindihan ing awaké déwé, ikoe sok bandjoer anganakaké impèn ala, kaja ta ngimpi kebroekan kajoe, ngimpi sinrimpoeng

ing oewong, mengkono sapepaḍané, jaikoe kang di-arani tinḍihen. Jèn kowé ora ngandel menawa kowé pinoedjoe tinḍihen, sa-oewisé kowé éling bandjoer talitinen, ing panggonan kono golèkana sababé. Kaping pinḍoné anané akoe bisa ngarani jèn impèn ikoe moeng saka kembanging toeroe, tanḍané oewong kang doeroeng taoe noenggang oetawa weroeh praoe kapal, mesṭi ora bisa ngimpi noenggang praoe kapal; kang bisa ngimpi noenggang praoe kapal maoe kang mesṭi moeng wong kang ahli noenggang praoe kapal baé; mengkono manèh wong kang doeroeng taoe weroeh ing negara Welanda, ia ora bisa (taoe) ngimpi doemoenoeng ing negara Welanda, ia apa ora?"

P. „La akoe wong doeroeng taoe weroeh segara teka ngimpi weroeh segara!"

D. „O, koewi mengkéné, anané kowé doeroeng taoe weroeh mangka bandjoer ngimpi, ikoe pambatangkoe kowé ora lia amasṭi andoewèni kepéngin arep weroeh segara kang ko-impèkaké maoe, toer atimoe notol (madjoe) banget, jèn ora sabab saka mengkono maoe-maoené kowé mesṭi mentas ana wong lian kang anjaritakaké bab segara marang kowé; ia apa ora?"

P. „Ia ḍik, ḍèk anoe kaé akoe ditjaritani bab anané segara kidoel dèning kantjakoe; saka pinteré enggoné angandakaké nganti andadèkaké kepéngining atikoe, temahan bandjoer ngimpi kaja kang wis dakkanḍakaké ing kowé maoe."

D. „La, ia moelané wekaskoe, poma-poma kowé adja ngandel marang impènmoe."

P. „La kaé terkaḍang kok ana impèn kang andaradarsih (notjogi)."

D. „Ah koewi arak moeng terkaḍang baé, dadi moeng kapinoedjon."

P. „Apa temenan ta kanḍamoe ikoe?"

D. „Jèn ora temenan apa perloe dakkanḍakaké ing kowé, ora ta jèn kowé ora ngandel tjoba njatakna, bab kanḍakoe sababing wong ngimpi maoe."

P. „Ia tjoba jèn akoe sésoek ngimpi daknjatakné kang setiti apa njata kaja kanḍamoe maoe kang dadi sababé."

Si Poendjoel bandjoer moelih; bareng benginé Poendjoel

mapan toeroe, c
bandjoer ngimpi
gero-gero angar
aran si Saḍoeg la
djoel tinḍihen b
Poendjoel wis ta
S. „Kowé m
P. „Ngimpi
kanḍané kang D
kang ngéwoeh-é
S. „Keprijé
P. „Kang Dj
njang akoe, ane
ana barang-bara
toeroe, kaja ta:
lan sapepaḍané,
ngimpi ikoe ala
sabarang kang c
gagasé ḍéwé ing
anggagas ènggal
bandjoer ngimp
ing sapanoengg
Panemoené k
angroedjoeki ba
seksi, jaikoe nal
maoe, ketrangan
ing koloraning
kakang Djeḍoel)
ḍihen wis tetél
ngimpia lia-liane
S. „Ia pantjè
ngimpi moeng
oewong-oewong
ngrasakaké impè
mikiré bakal ne
bareng tinemoe
bandjoer andac
koeroe awaké?

PERPUSTAKAAN NASIONAL

mapan toeroe, ora soewé saking kepatiné enggoné toeroe bandjoer ngimpi dibanda ing politie, wekasan Poendjoel gero-gero angaroehara ; ing wektoe ikoe sedoeloeré wadon aran si Saḍoeg lagi kabeneran anglilir, kroengoe jèn si Poendjoel tinḍihen bandjoer ènggal-ènggal digoegah, bareng si Poendjoel wis tangi si Saḍoèg bandjoer pitakon, temboengé :

S. „Kowé maoe ngimpi apa Djoel ?"

P. „Ngimpi dibanda ing politie. Ketrangané bener kanḍané kang Djeḍoel, jèn tinḍihen ikoe mesṭi ana sababé kang ngéwoeh-éwoehi ing toeroené."

S. „Keprijé ta kanḍamoe ikoe kok ora ngerti akoe."

P. „Kang Djeḍoel ḍèk maoe awan mentas kanḍa menjang akoe, anerangaké jèn tinḍihen ikoe ketrangané mesṭi ana barang-barang kang angaroe-biroe ing awaké nalikané toeroe, kaja ta : ketinḍihan bantal, kesrimpet ing kemoel lan sapepaḍané, mengkono manèh kanḍané kakang, oewong ngimpi ikoe ala lan betjik oega ora kena di-oegemi, amarga sabarang kang di-impèkaké maoe mesṭi metoe saka panggagasé ḍéwé ing nalika doeroeng toeroe, kaja ta maoené anggagas ènggala rabi karo si anoe kaé, wekasané benginé bandjoer ngimpi ketemoe karo si anoe maoe, mengkono ing sapanoenggalané.

Panemoené kakang kang kaja mengkono maoe akoe angroedjoeki banget (ngandel) amarga akoe wis anemoe seksi, jaikoe nalikané akoe ngimpi di-eroet ing politie maoe, ketrangané taknjatakaké, djeboel sikilkoe kagoebed ing koloraning saroeng goeling, (njèplesi, kaja kanḍané kakang Djeḍoel) dadi saka panemoekoe rèhning bab tinḍihen wis tetéla terang, dadi jèn mengkono senadjan ngimpia lia-liané manèh ia ora njebal saka ikoe."

S. „Ia pantjèn mengkono, amarga ing sa-oepama saben ngimpi moeng tansah digagas ing ala lan betjiké baé, oewong-oewong amasṭi paḍa koeroe djalaran saka enggoné ngrasakaké impèné ; ia jèn impèné maoe tinemoening pamikiré bakal nemoe begdja mesṭi seneng temahan lemoe, bareng tinemoening pamikiré bakal nemoe tjilaka apa ora bandjoer andadèkaké soesahing atiné kang temahané koeroe awaké ? Kirakoe ia. Moelané akoe bisa kanḍa

mengkono ikoe, amarga akoe wis ngalami ḍéwé ing sadjroné sedina sawengi nganti ngimpi rambah kaping lima (limang bab). Amirid enggonkoe ngimpi ikoe baé, oewong-oewong wis mesṭi ora bakal kober golèk sanḍang pangan kanggo ing sa-anak bodjoné, (djalaran soesah banget anggagas impèné) apa jèn wis mengkono ora bakal kelakon mati djalaran kaliren oetawa nglaloe ?"

Toemeka semono enggoné paḍa reremboegan si Saḍoeg lan si Poendjoel bandjoer paḍa toeroe manèh, amarga ing wektoe ikoe pantjèn isih sirep-sireping oewong. Bareng ing wajah ésoek si Saḍoeg lan si Poendjoel bandjoer paḍa tangi, si Saḍoeg anggoḍog wédang ana ing pawon, si Poendjoel anjapoe ing penḍapa, sawisé rampoeng bandjoer paḍa angombé wédang sinambi areremboegan; Poendjoel tjelaṭoe:

P. „Joe, joe, akoe kok kepéngin banget dadi priaji (abdining Ratoe) senadjan tjilik-tjilika pisan angger wis djeneng priaji mesṭi wis bakal marem atikoe, amarga akoe kroengoe oedjaring akèh: jèn dadi priaji ikoe senadjan balandjané paribasané moeng sigara, menawa belandja maoe peparingé sang Nata, mesṭi bakal tjoekoep kanggo mangan ing sa-anak-bodjoné, amarga wis olèh berkahing Ratoe. Dakpikir-pikir pantjèn oeriping manoesa ikoe oetamaning-oetama ora kaja wong dadi abdining Ratoe, amarga mesṭi bakal kadjèn kéringan ing sapaḍa-paḍané, apa manèh panjamboet gawéné loewih kepénak tinimbang wong lia-liané, toer mesṭi kena kapesṭèkaké wetoening balandjané, dadi jèn moeng arep oetang-oetang baé mesṭi akèh kang ngandel. Amarga saka ikoe teka kepéngin banget akoe dadi priaji (abdining Ratoe ikoe)? Sa-iki akoe dakmagang ing ka-onḍeran ja joe, kira-kira jèn moeng ngarah dadi kadjineman [1]) baé kok bakal bisa kelakon."

S. „O, o, o, kliroe panemoemoe ikoe. Sanjatané wong dadi priaji ikoe pantjèn énaking-énak, ananging semono

[1]) Kadjineman poenika menawi toemrap ing wewengkonipoen Kandjeng Goepermèn apangkat oepas; ananging pangkat kadjineman waoe wontenipoen ing Soerakarta sampoen ka-étang golonganing priantoen.

maoe kang bisa
lan sadjadjaré,
kapangan lan k
apa manèh isih
(Wedana), Kliwo
moeng pangkat
bisa angénakaké
moeng *f* 10 sesa
ing sa-anak-bodj
neman maoe ba
liané kang ḍoew
koe akoe ora a
maoe, amarga d
ora bakal koera
taoen maoe ing sa
wis akèh ka-o
ananging jèn ko
amarga sadjroné
olèh pitoeas in
anganakaké sanç
lan sanḍangmoe
4 — 5 taoen mac
no maoe dakkira
dadi koedoe *f* 7,
f 450.—. Menjan
maoe jèn ora
kelakon? Mang
wis djempo ora
dadi mesṭi bakal
(kedjaba ta jèn
toehé ing wong t
ing lian ikoe jè
prakara ikoe ga
soegih ḍoewit ia
nèh jèn akoe p
nan, awit oewor
djalaran di-adjè
ḍoewit (bakal s

maoe kang bisa olèh pangkat mantri ḍistrik (onḍer-ḍistrict) lan sadjadjaré, amarga belandjané mesṭi bakal tjoekoep kapangan lan kanggo keloemrahan ing sa-anak-bodjoné, apa manèh isih ḍoewé pangarep-arep apangkat Panèwoe (Wedana), Kliwon (onder-regent) lan sabandjoeré; bareng moeng pangkat kadjineman baé, apa pangkat ikoe bakal bisa angénakaké lan kadjèning awaké amarga belandjané moeng *f* 10 sesasi, kirakoe ora bakal tjoekoep dipangan ing sa-anak-bodjoné; lan apa jèn wis olèh pangkat kadjineman maoe bakal bisa doewé pangarep-arep pangkat liané kang ḍoewoer ingatasé sakowé? Jèn saka panemoekoe akoe ora amrajogakaké banget marang kekarepamoe maoe, amarga dakpikir-pikir pamagangmoe baé kira-kira ora bakal koerang saka 4 — 5 taoen; sadjroné semono taoen maoe ing sa-oepama kowé anjamboet gawé liané arak wis akèh ka-oentoengamoe (apa ia orå mengkono?) ananging jèn kowé magang wis mesṭi bakal kapitoenan, amarga sadjroné semono taoen ikoe kowé ora bakal olèh pitoeas ing panjamboet gawémoe, dadi koedoe anganakaké sanḍang pangan ḍéwé, mangka pamangan lan sanḍangmoe sa-oepama *f* 5 baé ing sesasiné, sadjroné 4 — 5 taoen maoe wis ana *f* 240 — *f* 300 sarèhning semono maoe dakkira ora anjoekoepi kopangan lan kosanḍang dadi koedoe *f* 7,50 sesasi, ing 4—5 taoen wis ana *f* 360.— *f* 450.—. Menjang ngendi enggonmoe golèk ḍoewit semono maoe jèn ora dikoeati ing wong toea apa bakal bisa kelakon? Mangka wong toeamoe (bapak, simbok) sa-iki wis djempo ora bisa ngoepaja sanḍang pangan manèh, dadi mesṭi bakal andadèkaké ing sangsaraning oeripmoe (kedjaba ta jèn ing nalika magang maoe isih dikoeati boetoehé ing wong toeané). Déné moenggoeh prakara di-adjèni ing lian ikoe jèn akoe daksepèlèkaké banget, amarga prakara ikoe gampang banget pamoerihé, jaikoe angger soegih ḍoewit ia mesṭi di-adjèni ing wong; oetawa manèh jèn akoe prakara ikoe kok ora pati dakpikir temenan, awit oewong oerip ikoe ora bakal wareg lan seneng djalaran di-adjèni ing wong baé mesṭi koedoe serana ḍoewit (bakal sepira senengé atiné menawa wong wis

ora towong panjekelé ḍoewit?), senadjan di-adjènana ing wong akèh menawa koerang mangan (loewé) ia ora bisa seneng, mangka wong oerip ikoe perloe banget amboeroe senenging pikiré, sabab ikoe kang anoentoeni marang kabetjikan lan weningé pikiré.

Saha panemoekoe ingatasé sakowé (kang sakira ora bisa anggajoeh ing pangkat kang moerwat) kaja loewih betjik anjamboet gawé liané baé kang temtoe kena kapesṭèkaké olèhé ḍoewit, jaikoe anjamboet gawé ing toko-toko ing pabrik-pabrik, oetawa dedagangan ing sakadaré, ora-orané anjamboet gawé tani baé kaja-kaja oega wis anjoekoepi kanggo sangoening oeripé, (semono maoe kang peṭel ing panjamboet gawéné). Gadjegé sasoemoeroepkoe doeroeng ana priaji kang soegih anderbala, jèn priaji maoe ora éntoek tetinggalan saka ing wong toeané, oetawa bodjoné anjamboet gawé liané ; ananging akoe wis kerep weroeh wong tani kang bisa seneng oeripé ; oetawa manèh ora koerang-koerang wong soegihé anderbala djalaran anggoné dedagangan, nganti bisa doewé omah lan toko-toko kang angébat-ébati, temahané bandjoer andjalari geḍé lan redjaning negara kang didoenoengi, kaja ta : toko-toko Welanda, Tjina, lan toko-tokoné wong boemi. Sa-oepama negara ikoe ora ana toko-tokoné apa negara maoe kena ingaranan redja ? Kira-kira ora, amarga saka ikoe wis tetéla jen njamboet gawé dagang ikoe ka-étoeng oetamaning-oetama, déné amoerakabi marang ing sakabèh-kabèhé.

Sanjatané moenggoeh ing akoe, kepénaking-kepénak ikoe ora kaja wong anjamboet gawé dagang, ka-étoeng seḍeng ora kaja wong anjamboet gawé tani, ananging tjilakaning-tjilaka ora kaja wong dadi priaji (semono maoe priaji kang belandjané *f* 25 mengisor ; delenga Pemimpin bagi orang jang hendak memilih pentjaharian serie A. djilid I.) amarga dakpikir wong dagang ikoe pantjèn akèh ka-oentoengané temenan ; moerih kowé ènggal mengerti kaja mengkéné pepinḍané :

Oepamané wong dagang djarik saka koeṭa di-edol marang padésan satjeḍaking kono, ikoe regané ing dalem

sidji-sidjining dj
wis bisa olèh b
olèh baṭi *f* 0,5
ing sadinané k
rambah kaping s
× 10 = *f* 2,50;
kaping sepoeloeh
apa ka-oentoeng
priaji kang apan
angoengkoeli pri
sasi, mangka w
(boetoehé) loewi
mantri (nanging
koerang saka iko
kono meṣṭi loewi
maoe jèn ora k
bisa anjèlèngi ka
ora bisa anjambo

Toemeka semo
tekané si Broed
temboengé :

B. „Koela noe
P. „Sinten ni
B. „Koela."
P. „Koela sin
B. „Koela Br
Djeḍoel."
P. „É, Broedj
B. „Inggih."
P. „Tekamoe
B. „Soan koe
raka, sapoenika oe
ḍateng ingrika."
P. „Ana apa
B. „Kilap, koe
P. „La sa-oer
B. „Boten èw
kalian Kamprèt k

PERPUSTAKAAN NASIONAL

sidji-sidjining djarik kang panoekoené *f* 1.— apes-apesé wis bisa olèh baṭi *f* 0,25; kang panoekoené *f* 2.— bisa olèh baṭi *f* 0,50; dadi oepama enggoné dodolan maoe ing sadinané kagawé ratjak bisa adol kang rega *f* 1.— rambah kaping sepoeloeh baé, wis bisa olèh baṭi *f* 0,25 × 10 = *f* 2,50; jèn bisa adol kang rega *f* 2.— rambah kaping sepoeloeh, wis bisa olèh baṭi *f* 0,50 × 10 = *f* 5.— apa ka-oentoengan semono ing sedina maoe ora amaḍani priaji kang apangkat manṭri belandja *f* 75.— sesasi, lan angoengkoeli priaji kang belandjané *f* 25. - *f* 50.— sesasi, mangka wataking bakoel ikoe wetoening ḍoewité (boetoehé) loewih seṭiṭik tenimbang priaji kang apangkat mantri (nanging jèn pametoené adjeg semono maoe, jèn koerang saka ikoe mesṭiné ia dikoerangi) dadi jèn mengkono mesṭi loewih seneng oeripé, amarga ḍoewit semono maoe jèn ora kanggo rojal mesṭi tjoekoep dipangan lan bisa anjèlèngi kang kanggo andjaga awaké jèn pinoedjoe ora bisa anjamboet gawé."

Toemeka semono enggoné paḍa reremboegan kesaroe tekané si Broedjoel (B), jaikoe kongkonané si Djeḍoel temboengé :

B. „Koela noewoen."
P. „Sinṭen nikoe ?"
B. „Koela."
P. „Koela sinten ?"
B. „Koela Broedjoel, kèngkènanipoen ingkang raka Djeḍoel."
P. „É, Broedjoel!"
B. „Inggih."
P. „Tekamoe kéné dikongkon apa karo kakang?"
B. „Soan koela mriki dipoen-kèngkèn kalian ingkang raka, sapoenika oegi sampéan dipoen-adjeng-adjeng sageda ḍateng ingrika."
P. „Ana apa ta, sadjaké kok perloe banget?"
B. „Kilap, koela boten soemerep perloenipoen."
P. „La sa-oengkoermoe maoe kakang lagi éwoeh apa?"
B. „Boten èwed poenapa-poenapa, namoeng djagongan kalian Kamprèt kémawon."

P. „Ia, kanḍaha ḍisik, mengko seḍéla engkas akoe taknoetoeti."

B. „Inggih, sampoen koela kelilan."

P. „Ia, gilo akoe doewé kèrèn ḍoewit 5 sèn anggonen toekoe rokok ana ing dalan."

B. „Inggih, noewoen."

Broedjoel bandjoer moelih; satekané ing omah doeroeng nganti prasaben, Djeḍoel kaselak pitakon.

D. „Keprijé, apa wis ketemoe karo si Poendjoel?"

B. „Sampoen, malah pinanggih saweg lelinggihan kalian ingkang bok ajoe Saḍoeg."

D. „La maoe kanḍané sagoeh teka apa ora?"

B. „Inggih sagah, mangké sekeḍap baḍé noesoel."

D. „Ia wis, kowé bandjoer tata-tataha anggoḍog wédang manèh."

B. „Inggih."

Sapoengkoeré si Broedjoel, Poendjoel bandjoer tata-tata mangkat karo si Saḍoeg; satekané ing omahé si Djeḍoel bandjoer asabawa, tjelaṭoené:

P. „Koela noewoen."

D. „Elo Poendjoel, réwangmoe karo sapa manèh?"

P. „Karo bok ajoe Saḍoeg; la kaé ana boeri lagi mampir waroeng toekoe kinang."

D. „Elo, bok ajoe, wiloedjeng bok ajoe?"

S. „Inggih, wiloedjeng."

D. „Bok ajoe teka boten ketingal-ketingal."

S. „Tiang wonten gria kémawon."

D. „Mangga bok ajoe madjeng kémawon."

S. „Inggih, sampoen."

D. „Kok kadingarèn bok ajoe kersa rawoeh mriki."

S. „Inggih, kedjawi kangen aḍi, (déné sampoen lami boten pinanggih) kaping kalihipoen perloe baḍé amirengaken rembagipoen aḍi kalian Poendjoel, awit koela waoe wonten ing gria sampoen dipoen-witjanteni tjetjoelikaning rembagipoen aḍi; mangga koela-atoeri dangoe ḍateng poen Poendjoel."

D. „Apa ia ta Djoel?"

P. „Ia, jaikoe amarga saka oewising pangandelkoe

marang impèn kaja pitoetoermoe (awit akoe wis anjatakaké ḍéwé), dadi wis ora mamang, akoe bandjoer kanḍa menjang bok ajoe, sarta bok ajoe oega roedjoek kaja panemoemoe maoe, moelané bandjoer mèloe mréné iki."

D. „O, ia soekoer bagé sèwoe."

P. „Ora kang, kowé kok ngoendang akoe sadjak gitagita maoe ana perloené apa?"

D. „Ora ana perloené apa-apa moeng arep dakadjak anoetoegaké remboeg panoenggalané ḍèk ǀwingi dadi ora ketanggoengan, babar pisan enggonkoe anjoeroepnjoeroepaké marang kowé, moelané sa-iki apa kang sekira andadèkaké petenging atimoe adja nganggo wigih-wigih bandjoer prasadjakena ing akoe, mengko mesṭi bakal dakdjawab ing sabisa-bisakoe akanṭi senenging atikoe."

P. „O kang, ia banget ing panarimakoe déné kakang saloegoe ngéman lan tresna menjang akoe katanḍa sardjoe amaḍangaké roeweding pamikirkoe akanṭi soetjining ati, toer manèh mawa pinerlokaké anarèṭèk kongkonan angloeroe kang ora tjeḍak tebané.

Ora liwat ing sarèhning akoe ora bisa amales pitoeloengé kakang kang akèh-akèh, moela moeng goesti Allah kang bakal apeparing piwales."

D. „Wroehanamoe Djoel, moenggoeh prasetyamoe menjang akoe kang akèh-akèh ia banget ing panarima lan boengahing atikoe; senadyan kowé ora bakal bisa amales agawé senenging pikirkoe kaja ta pawèwèh lan lia-liané, anggeré kowé wis bisa soemoeroep lan mangerti apa manèh bisa angenggo (nglakoni), ikoe boengahing atikoe wis angoengkoeli jèn kopoendjoeng adjedjoḍangan amili loemintoe, amarga pantjèn kaja mengkono ikoe kang dakèsṭi ing rina kelawan wengi. Sawisé mengkono kowé soemoeroepa, jèn wong toea ikoe kaja ta: akoe menjang kowé, kowé menjang aḍi-aḍimoe, ikoe wis wadjibé awèh piwoelang lan anjoeroep-njoeroepaké ing sabisa-bisané, amarga oewong ikoe loewih toea wis mesṭi loewih akèh kawroeh lan djadjahé, dadi akoe enggonkoe angoeroeni remboeg ing kowé maoe ora doemoenoeng akoe pitoeloeng menjang kowé, ananging ikoe

pantjèn oewis dadi wadjibkoe; moela saka panemoekoe wong kapernah enom disoeroep-soeroepaké ing wong toea sok ana kang bandjoer wani amadoni lan angéwani moeng amitoeroet ing sakarepé ḍéwé, ikoe akoe ora amrajogakaké banget (angélingana jèn sakabèhing wong ikoe ora bakal soemoeroep ing loepoeté ḍéwé), mengkono oega wong toea kang ora djoewèh anenoetoeri lan anjoeroep-njoeroepaké ing oewong enom ikoe ia koerang prajogané, amarga montjèring pikiré botjah ikoe ora lia kedjaba moeng disoeroep-soeroepaké ing wong toeané oetawa goeroené saka seṭiṭik. Poenapa boten mekaten bok ajoe?"

S. „Inggih, kesinggihan ḍi."

Toemeka semono si Poendjoel bandjoer amikir-mikir kang bakal tinakokaké, temboengé:

P. „Ia kang temenan kanḍamoe ikoe, amarga sanjatané manoengsa ikoe jèn ora serana gosok-ginosok, toelar-toemoelar, tiroe-tiniroe, ora bakal bisa mintir pikiré kang wekasané bandjoer ana kang pinter angloewih-loewihi; kaja déné para sardjana ikoe bisané pinter ia saka olèhé anenoelar. Kirakoe sanadyan manoengsa ikoe titah kang loewih pinter ḍéwé tinimbang titah liané lan bisa anglairaké kekarepané serana tjelaṭoe, ananging menawa manoesa maoe wiwit tjilik moela (botjah) di-oeworaké karo kéwan ana ing alas (dadi ora bisa sesrawoengan lan wong akèh) botjah maoe ora bakal bisa tjelaṭoe kaja loemrahing manoesa, lan ora bisa doewé pamikir, amarga sadjroning ana alas kono maoe ora bisa olèh tetoelaran lan gosokan karo manoengsa, kedjaba moeng karo kéwan."

D. „Ḍasar ia njata mengkono; jèn ana kang kelakon kaja kanḍamoe ikoe mesṭiné moeng bisa ing tata tjaraning kéwan kekoempoelané baé."

P. „Amirid tetoeladan ikoe jèn mengkono wong doewé anak, ikoe anaké prajoga banget jèn pinoeriha kekoempoelan karo para moerid, amarga mesṭi bakal ketjipratan kepinterané saka seṭiṭik, sarta manèh prajoga dilarangana kekoempoelan karo botjah-botjah kang sekira ora betjik di-

koempoeli, amarga
patrap kang ora oet
D. „Menawa bis
ia prajoga kang me
Ora wetara soew
bèri ngladèkaké wé
enggoné nenata Dj
aké wédang menja
Poendjoel amiwiti
P. „Ora ta kang
ḍega semono baé,
akoe arep noetoega
D. „Ia, mara ag
P. „Sa-iki akoe
angadji donga lan
D. „Jèn bab ik
ananging sarèhnin
wewilangané oetam
agawé rekasaning
marang agama, moel
kono maoe toedjoe
tjiké marang awa
(siḍekah) ikoe akoe
kaleboe keloemrah
oega, ananging ak
saweroehkoe ora a
akoe lan kowé (
apa-apa, malah-m
oengkoeli bangsak
K. „Ia pantjèn r
D. „Amarga sak
kowé keprijé ka
ora bakal ameng
ikoe moeng goem
P. „Ia, kaja da
tjarané kang wis
D. „Bener oe
mengkonoa kang

koempoeli, amarga ikoe ora woeroeng bakal ketoelaran patrap kang ora oetama."

D. „Menawa bisa anglakoni oetawa njingkiri pantjèn ia prajoga kang mengkono ikoe."

Ora wetara soewé Broedjoel bandjoer teka anjangga bèri ngladèkaké wédang lan panganan ; sawisé rampoeng enggoné nenata Djeḍoel bandjoer angantjarani nandoekaké wédang menjang Saḍoeg, bareng wis paḍa ngombé, Poendjoel amiwiti remboeg manèh, temboengé :

P. „Ora ta kang prakara ikoe maoe pangremboegé mandega semono baé, amarga akoe wis mengerti kabèh, sa-iki akoe arep noetoegaké remboegkoe ḍèk wingi."

D. „Ia, mara agé weḍarna dakroengokné."

P. „Sa-iki akoe takon moenggoeh ka-anané wong angadji donga lan kondangan, ikoe apa ana perloené?"

D. „Jèn bab ikoe akoe ora bisa kanḍa kang terang ; ananging sarèhning bab angadji, donga, maoe kaleboe wewilangané oetama ingatasé bangsa Djawa, sarta ora agawé rekasaning lakoe, mengkono manèh ikoe ka-étoeng marang agama, moelané betjik dilestarèkna, awit kang mengkono maoe toedjoené kaja-kaja ora lia amoeng amoerih betjiké marang awaké ḍéwé; déné prakara kondangan (siḍekah) ikoe akoe ora bisa awèh pratikel, amarga ikoe kaleboe keloemrahan kang perloe ingatasé wong Djawa oega, ananging akoe awèh weroeh, bangsa Europa ikoe saweroehkoe ora ana kang niat anganakaké siḍekah kaja akoe lan kowé (bangsa Djawa) éwa déné oeripé ia ora apa-apa, malah-malah ardjaning oeripé angoengkoel-oengkoeli bangsakoe. Ia apa ora, Prèt?"

K. „Ia pantjèn mengkono."

D. „Amarga saka ikoe moelané akoe moeng anjarah ing kowé keprijé kang dadi kekentjenganing pikirmoe akoe ora bakal amenging sarta ora ngakon, amarga prakara ikoe moeng goemantoeng ana ing tetimbangamoe ḍéwé."

P. „Ia, kaja dakpikir-pikir loewih betjik anganggo tata tjarané kang wis kelakoe ingakèh baé."

D. „Bener oedjarmoe ikoe, amarga menawa kowé ora mengkonoa kang mesṭi bandjoer di-éwani ing bangsamoe

ḍéwé, temahan andadèkaké koerang prajoga ingatasé oeripmoe."

P. „Sa-iki akoe arep takon manèh; akoe wis marambah-rambah weroeh wong paḍa anggegoeroe ing bab keḍotan (pamoerih adja nganti teḍas ing gegaman), atosing baloeng woeleding koelit, gegoeroe adji-adji panglèmoenan moerih adja kongsi bisa dinoeloe ing lian, pengasihan moerih dikasihana ing panḍoewoerané, lan lia-liané manèh; apa kang mengkono maoe ia bener?"

D. „Kanḍamoe ikoe moenggoeh saka panemoekoe, ora njata, ketrangané mengkéné, nanging kogoegoe lan orané masa boḍoa.

Bab atosing baloeng lan woeleding koelit, ikoe wis tetéla ing gorohé, amarga ing sadjegkoe oerip akoe doeroeng amranggoeli wong kang ambalèkaké (ora teḍas) déning loemaraping mimis (dibeḍil) sarta poetjoeking keris (disoe-doek ing keris) lan sapepaḍané."

P. „Dadi akoe wis kerep banget kroengoe oedjaring wong akèh ki, jèn si Daḍap lan si Waroe ikoe ora teḍas tapak paloening panḍé."

D. „Apa kang kokanḍakaké ikoe kowé wis weroeh ḍéwé?"

P. „Ia doeroeng!"

D. „La, kowé kok djeboel ngandel, akoe oega wis kerep baé keroengoe oedjaring wong kaja kanḍamoe maoe, ananging akoe ora goegoe babar pisan, sabab akoe doe-roeng noengkoeli ḍéwé."

P. „Ora ta kang amoerih tjekaking remboeg sarèhning prakara ikoe akoe isih bingoeng banget enggonkoe angra-sakaké, jaikoe djalaran saka akèhing seksiné (wong kang kanḍa menjang akoe akèh) moela betjik terangna baé kang tjeṭa lan gamblang, soepaja akoe bisa nimbang-nimbang, amarga jèn ora mengkono bisa oega andadèkaké seling soeroepkoe."

D. „Moenggoeh saka panemoekoe jèn kowé arep amboedi koeating awakmoe, ikoe ora perloe jèn nganggo anggegoeroe akanṭi wragad lan sarat roepa-roepa, ananging tjoekoep kowé bandjoer amarsoedia angkat djoendjoeng kang abot-abot

saka seṭiṭik
anglemesaké
bisa koeat a
saka koelina
maoe; anané
maoe dakpir
djalaran saka

Akoe wis
bangsa Europ
jaikoe ande
oentoené ko
boboté, koea
sabandjoeré
awaké koeat
kena katekoe
koepé baé;
anḍa kang
noenggang pi
malengkoeng
mengkono lan
kang kaja m
kaja kang ko
saka pangadj

P. „O, ia
gawé kaja ka
(pengadjaran)
lan isarat lia
koemiḍi geḍé
ḍoewoeré ana
mangka asoe
djapa, dadi
(pangadjaran)

D. „La, i
rangé bab ko
njang kowé
gawéné lan
keprijé pand

P. „Saka

PERPUSTAKAAN NASIONAL

saka seṭiṭik saben ésoek, kaja ta ngangkat wesi, gandoelan anglemesaké awak lan sapepaḍané, ikoe amesṭi bandjoer bisa koeat awakmoe, amarga ototmoe bisa kentjeng sabab saka koelina enggonmoe angkat djoendjoeng saben ésoek maoe; anané akoe bisa kanḍa menjang kowé mengkono maoe dakpirid kaja bangsa Europa kang paḍa rosa-rosa djalaran saka pengadjaran (koelina).

Akoe wis marambah-rambah andeleng tontonaning bangsa Europa kang banget andadèkaké goemoening atikoe, jaikoe andeleng ing karosan lan kawegigané, kaja ta: oentoené koeat kanggo anjakot wesi kang ora èṇṭèng boboté, koeat kanggo anjakot bangkoe lan lia-liané kang sabandjoeré bandjoer kadjoendjoeng nganggo oentoené; awaké koeat di-entjiki oewong lima oetawa nenem; awaké kena katekoek ana ing sadjroning etong kang moeng satjoe-koepé baé; talapakaning sikilé bisa kanggo angadegaké anḍa kang dipènèki ing botjah, malah ana kang bisa noenggang pit (roḍa angin) ana ing papan blabag tjioet malengkoeng moenggah kang ora tjenḍèk ḍoewoeré; kaja mengkono lan sapepaḍané. Anané bisa anggiaraké tontonan kang kaja mengkono ikoe ora amarga saka ngèlmoe kaja kang kokanḍakaké maoe, ananging amoeng amarga saka pangadjaran (koelina) baé."

P. „O, ia kang akoe wis ngandel jèn sabarang panggawé kaja kang dakkanḍakaké maoe amoeng saka koelina (pengadjaran) ananging ora saka ngèlmoe djapa-mantra lan isarat lia-liané, tanḍané akoe oega wis taoe nonton koemiḍi geḍé kang asoené bisa loemoempat koerang loewih ḍoewoeré ana 5 Meter, toer loempatané maoe mawa geni; mangka asoe ikoe ora bisa tjanṭoek-lawoeng menjang djapa, dadi wis terang jèn moeng djalaran saka koelinané (pangadjaran)."

D. „La, ia kedjaba ikoe akoe doewé seksi manèh terangé bab koelina maoe; ananging akoe arep takon menjang kowé ḍisik: wong kang mesṭi ing panjamboet gawéné lan karo kang ora mesṭi anjamboet gawé, ikoe keprijé pandelengmoe?"

P. „Saka pangrasakoe kok kaja ora ana bédané ta kang."

D. „Ah, goroh, ikoe arak amoeng saka koerang setitimoe baé; jèn saka pangrasakoe wong kang mesṭi panjamboet gawéné karo wong kang ora mesṭi anjamboet gawé, ikoe mesṭi loewih koeat wong kang mesṭi ing panjamboet gawéné maoe, awit awaké ing saben dina amoeng tansah kagawé njamboet gawé (rekasa) dadi mèh ora béda kaja déné adjar gaṇdoelan, lan angangkati wesi saben ésoek kaja kang wis dakkaṇdakaké ingarep; mengkono manèh wong kang mesṭi penjamboet gawéné maoe (toemrap wong ing koeṭa) mesṭi loewih ringkih tinimbang wong padésan ing tanah ngaré (rosa wong désané) djalaran panjamboet gawéné loewih abot; kaja ta wong désa gawéné memikoel, matjoel, lan lia-liané manèh kang abot-abot, ananging wong negara ora.

Wong ing padésan tanah ngaré maoe mesṭi kalah karosané jèn katimbang karo wong désa ing pagoenoengan, amarga wong ing pagoenoengan ikoe kedjaba olèh hawa kang loewih kepénak, panjamboet gawéné ia loewih abot; loewihing aboté panjamboet gawéné maoe, ora djalaran jèn wong pagoenoengan ikoe panjamboet gawéné loewih akèh, ananging kang andadèkaké sababé djalaran saka loemakoené, jaikoe saka akèhing djoerang-djoerang kang diliwati, jèn loemakoe amoeng tansah moenggah moeḍoen baé, dadi senadyan gawanané paḍaha aboté, wong ing pagoenoengan maoe mesṭi loewih rekasa tinimbang lan wong ing tanah ngaré, jaikoe amarga saka rekasaning lakoené, moelané mesṭi loewih rosa.

La sa-iki wis tetéla jèn rosaning awak maoe amarga saka dikoelinakaké, ia apa ora; mara pikiren kang temenan."

P. „Ia bener kaṇdamoe ikoe."

D. „La ia, moelané bangsa Europa kang akèh paḍa amiara gaṇdoelan, wesi gegloeṇdoengan lan lia-liané, ikoe perloené kanggo angoelinakaké jèn ing wajah ésoek oetawa soré, soeprihé soepaja andadèkaké koeating awaké. Arak inggih mekaten ta, bok ajoe?"

S. „Inggih pantjèn mekaten."

P. „Sa-iki akoe takon bab adji-adji panglèmoenan lan pengasihan, ikoe ketrangané kepriję?"

D. „Jèn ba
bener, amarga
bisa ngilang;
ḍéwé, bab adj
ngandel babar
bab pengasiha
batoer ikoe di-
saka panemoe
ananging kang
njamboet gawé
enggoné nglad

P. „Ia pant

D. „Ing sa
bendarané (ke
bendarané mac
di-oempoek-oe
daking panjam
loerahé (pendo
panemoemoe ?"

P. „Ia bene

D. „Sa-iki
djalaran saka
ora djalaran sak
pengasihan m
menjang kowé
kang saregep
saregep toema
andoewèni asil
gawéané; adja
mantra lan is
kang koedoe k

S. „Inggih
sampéan nikoe

P. „Ambal
kang bandjoer
djalaran saka
ta kang?"

D. „O, koe

D. „Jèn bab ikoe akoe doeroeng bisa anerangaké kang bener, amarga akoe doeroeng weroeh ḍéwé wong kang bisa ngilang; ananging moenggoeh saka panemoekoe ḍéwé, bab adji-adji panglèmoenan maoe akoe oega wis ora ngandel babar pisan, emboeh jèn toemrapé kowé; déné bab pengasihan ikoe saka panemoekoe mengkéné: anané batoer ikoe di-asihi ing bendarané (panḍoewoerané) ikoe saka panemoekoe ora djalaran saka adji-adji lan isarat, ananging kang mesṭi amoeng djalaran kanggep ing panjamboet gawéné, kaja ta kanggep enggoné gendèr, kanggep enggoné ngladèni lan sapanoenggalané; ia apa ora?"

P. „Ia pantjèn mengkono kang, bener banget ikoe."

D. „Ing sa-oepama batoer maoe ora weroeh marang bendarané (kesèd ing sabarang gawé) apa ia di-asihi ing bendarané maoe? Moenggoeh saka panemoekoe senadyan di-oempoek-oempoeka djapa sakèhing djapa, jèn toemindaking panjamboet gawéné kaja mengkono maoe, kira-kira loerahé (penḍoewoerané) ora bakal andoewèni asih; keprijé panemoemoe?"

P. „Ia bener mengkono, kang."

D. „Sa-iki wis tetéla jèn asihing bendarané ikoe amoeng djalaran saka di-edoli saregeping panggawéan, ananging ora djalaran saka djapa-mantra; dadi jèn mengkono adji-adji pengasihan maoe wis tetéla gorohé, moelané welingkoe menjang kowé, bok menawa ing boeri kowé kasoewitakaké, kang saregep ing toemandangmoe gawé; menawa kowé saregep toemandang gawé mengkono, loerahmoe mesṭi andoewèni asih amarga roemangsa jèn kotjoekoepi panggawéané; adja pisan-pisan kowé ngendelaké marang djapa-mantra lan isarat lia-liané, moeng saregep ing gawé kang koedoe kolakoni. Arak inggih ta bok ajoe?"

S. „Inggih ḍi, koela djoemoeroeng kados pamanggih sampéan nikoe."

P. „Ambalèni bab sétan. Wong kang lara panas-tis kang bandjoer andaleming, ikoe oedjaring akèh djaréné djalaran saka kasoeroepan ing sétan; ikoe apa ia bener ta kang?"

D. „O, koewi goroh oega."

P. „La kaé teka ana kang daleming: djaré didadoeng ing oewong, djaré ana wong mangkroek-mangkroek ing pangeret lan sapepadané."

D. „O, ikoe mengkéné terangé: weroeha anané wong lara panas maoe bandjoer andaleming mengkono, amarga wong lara panas ikoe awaké sakodjoer mesti panas."

P. „Ia, bandjoer keprijé toetoegé?"

D. „Panasing awaké maoe temahan anjoemoeki marang oeteké, dadi oeteké mèh kaja déné kagodog mengkono; mangka wong ikoe jèn oeteké ora kepénak amesti ora bisa bener (djedjeg) èngetané, pandelengé ora terang, andelok kaloemproeking djarik baé bandjoer di-arani barongan, oewong, asoe, lan lia-liané, wekasan bandjoer andaleming. Moelané wong lara panas ikoe bandjoer ènggal dikomprèsa (kapoepoekan ing sirahé) kang adem-adem, soepaja ènggala waras."

S. „Inggih di pantjèn mekaten, koela tjondong sanget kados pamanggih sampéan nikoe; wontenipoen koela saged oeroen rembag mekaten waoe amargi koela piambak sampoen angalami."

P. „O, dadi jèn mengkono wong lara oah kaé ia sabab kaja mengkono ikoe?"

S. „Ia, ananging jèn lara oah ikoe djaréné oeteké wis garing babar pisan, dadi pandalemingé ia loewih banget, ora kok jèn lara oah ikoe djalaran saka kesoeroepan sétan, moelané jèn anambani wong kang doewé lara oah ikoe koedoe digroedjoegi banjoe sirahé, soeprihé bisaha teles manèh oeteké, wekasan bandjoer poelih kaja maoe-maoené."

ng : djaré diḍaḍoeng
roek-mangkroek ing

eha anané wong lara
gkono, amarga wong
ṣṭi panas."
?"
n anjoemoeki marang
kagoḍog mengkono;
kepénak amesṭi ora
ndelengé ora terang,
é bandjoer di-arani
é, wekasan bandjoer
panas ikoe bandjoer
g sirahé) kang aḍem-

oela tjonḍong sanget
wontenipoen koela
amargi koela piam-

lara oah kaé ia sabab

oe djaréné oeteké wis
ngé ia loewih banget,
an saka kesoeroepan
kang doewé lara oah
irahé, soeprihé bisaha
oer poelih kaja maoe-

PERPUSTAKAAN NASIONAL



PERPUSTAKAAN NASIONAL

